ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№77 (24.827) ● 2025 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 26, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

ЗэпIэзэрытыныгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ ди плъапIэу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек КъБР-м и Парламентым гъэ къэс зэрызыхуигъазэ Iуэхугъуэр дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекIуэкIащ.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым КъБР-м къыбгъэдэкIыу сенатору щыIэхэр, Къэрал Думэм и депутатхэр, КъБР-м и Правительствэм, министерствэхэм, ведомствэхэм, Конституцэ судым, Суд нэхъыщхьэм, Арбитраж судым, хабзэхъумэ органхэм, щIыналъэхэм, КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм, Жылагъуэ палатэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, дин зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэр, политикэ партхэмрэ творческэ зэгухьэныгъэхэмрэ я лIыкIуэхэр, КъБР-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ, Сабийм и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ, ХьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэхэр, дзэ Iуэху хэхам хэт щIалэхэр, журналистхэр.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ** зэIущIэр къызэIуихащ икIи нобэ зыхэплъэнур зы Iуэхугъуэу зэрыщытыр, абы мыхьэнэшхуэ зэриIэр жиIэри, къэпсэлъапIэр хуит хуищIащ республикэм и УнафэщIым.

КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек** и къэпсэлъэныгъэр къызэрыщIидзар ди къэралым Украинэм щригъэкIуэкI дзэ Iуэху хэхам ди лIыхъужьхэм лIыгъэ зэрахьэу зэрыхэтырщ, абыхэм къэралри республикэри зэрадэIэпыкъу щIыкIэрщ, ТекIуэныгъэр зыIэрагъэхьауэ икIэщIыпIэкIэ къагъэзэжыну зэрыщыгугъырщ. Къэралым и щIыхьыр хъумэным зи щхьэр хэзылъхьа зауэлIхэм зы дакъикъэкIэ яхуэщыгъуащ къызэхуэсахэр.

БлэкIа илъэсым кърикIуахэм я гугъу щищIым, КIуэкIуэ Казбек жиIащ 2024 гъэм къыздихьа гугъуехьхэм республикэр къыпхыкIынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис цIыхубэм я зэкъуэтыныгъэмрэ зэрыIыгъыныгъэмрэ сэбэпышхуэ зэрыхъуар, ехъулIэныгъэхэр къызэрыпэкIуар. Апхуэдэуи Хэкум и къэкIуэнум дэтхэнэ зыми жэуаплыныгъэшхуэ тхэлъу дызэрыхущытыр, къэралым и лъэпкъ тхыдэм увыпIэшхуэ щызубыд Iуэхур фIыуэ къызэрыдгурыIуэр, дзэ Iуэху хэхам хэт щIалэхэм я щIыбагъ быдэу дыкъызэрыдэтыр текIуэныгъэм лъабжьэ зэрыхуэхъур игъэбелджылащ.

Республикэ Iэтащхьэм и гур хэхъуэу жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ пэжхэр хахуагъэ яхэлъу зауэ губгъуэм зэритым зэрыригушхуэр. Сыт щыгъуи хуэдэу, лейуэ къыхигъэщащ СВО-м щыIэхэм гуныкъуэгъуэ ямыIэн папщIэ я унагъуэхэм зэрызыщIагъакъуэр, хэкIуэдахэм я Iыхьлыхэм зэрадэIэпыкъур, а лэжьыгъэм дяпэкIи къыпыщэн зэрыхуейр. Апхуэдэуи къэзыгъэзэжахэр мамыр гъащIэм хэзэгъэжын, лэжьыгъэ IэнатIэ ягъуэтын папщIэ фIэкIыпIэ зимыIэ къалэн ар зи нэIэ щIэтхэм я пщэ къызэрыдэхуэр къыхигъэщащ. Мы Iуэхухэр нэхъ псынщIэу, зэгъэуIуауэ къадэхъун папщIэ, республикэм къыщызэрагъэпэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЛIыхъужьхэр» щIыналъэ программэр, «ЛIыхъужьхэм я щIэблэ» проектыр, нэгъуэщIхэри.

Хэку зауэшхуэм кърикIуахэмрэ ТекIуэныгъэ Иныр ди къэралым къызэрихьамрэ щIэблэм зэращымыгъупщам и щыхьэту, ар илъэс 80 щрикъу мы гъэм лэжьыгъэшхуэ зэрекIуэкIыр жиIащ Iэтащхьэм. Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и УнафэкIэ, 2025 гъэр Хэкум и хъумакIуэм и гъэу ягъэуващ, абы ехьэлIа дауэдапщэхэр, къэрал псом хуэдэу, ди щIыналъэм Iэтауэ зэрыщрагъэкIуэкIым теухуа щапхъэхэр къиихьащ КIуэкIуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и гугъу щищIым, КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ иужьрей илъэсхэм ди хэгъэгур зэпIэзэрыту ипэкIэ зэрыкIуатэр, экономикэ и лъэныкъуэкIэ ехъулIэныгъэшхуэхэр зэриIэр.

- 2024 гъэм кърикIуахэм тепщIыхьмэ, экономикэм и унэтIыныгъэ куэдымкIэ лъагапIэхэм дыхуэкIуащ, - жиIащ Iэтащхьэм. - Ди республикэм къыщагъэкIхэмрэ къыщыщIагъэкIхэмрэ я бжыгъэм хэхъуащ, мэкъумэш IэнатIэм хэпщIыкIыу зиужьащ, республикэ мылъкум инвестицэу къыхалъхьар нэхъыбэщ. БжыгъэкIэ къэбгъэлъагъуэмэ, ВРП-р 2023 гъэм елъытауэ процентi 105-рэ мэхъу. Ар сом мелард 325,5-рэ ирикъуащ. Ерыскъыпхъэу къыщIагъэкIыр процентi 121-рэ мэхъу, ухуэныгъэ IэнатIэм щекIуэкIа лэжьыгъэр процентi 107,2-м нэсащ, цIыхухэм сом мелард 65,8-рэ и уасэ Iуэхутхьэбзэ пщIэншэу хуащIащ. 2024 гъэм республикэм ику иту къыщахь улахуэр сом мин 46,5-рэ хъуащ, ар 2023 гъэм елъытауэ процент 16,3-кIэ нэхъыбэщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, 2023 гъэм елъытауэ цIыхухэм я хэхъуэр процентi 108,7-кIэ нэхъыбэ хъуащ мы гъэм.

УзыщыгуфIыкIынщ блэкIа илъэситхум къриубыдэу къулейсызхэм я бжыгъэр процент 25-м къикIыу, процент 11,7-м зэрынэсар. Республикэм и хэхъуэр гъэбэгъуэнымрэ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымрэщ дэ нэхъыбэу дызэлэжьын хуейри, КъБР-м и Правительствэм и къалэн нэхъыщхьэу щытын хуейри.

КъБР-м и Iэтащхьэм Парламентым зэрызыхуигъазэм къыхигъэщащ, республикэм и хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэр абы ис цIыхухэр зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу, лэжьыгъэм хуэмыщхьэхыу къызэрызэдэгъуэгурыкIуэр зэрыарар. Абыхэм я щыIэкIэпсэукIэр нэхъри ефIэкIуэн папщIэ, федеральнэ мылъкум къыхэкIыу дэIэпыкъуныгъэ къызэрытхуаутIыпщым мыхьэнэшхуэ зэриIэр жиIащ Iэтащхьэм. ИкIи фIыщIэ хуищIащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир.

Къэбгъэлъагъуэмэ, мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лъэпкъ проект 12 щагъэзащIэ, абы сом меларди 10,6-рэ хухахынущ. КIуэкIуэм къызэхуэсахэм гу лъаригъэтащ къэкIуэну илъэсхэм къалэн нэхъыбэж я пщэ къызэрыдэхуэнум. Псом япэ иту щытащ, иджыри къонэж унагъуэхэм защIэгъэкъуэныр, сабий зиIэхэм ахъшэкIэ ядэIэпыкъуныр къэралым япэ щрагъэщхэм ящыщщ. Бынунагъуэшхуэхэм гулъытэ хэха яхуэщIыныр, сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэ пIалъэр зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщыныр Iэпэдэгъэлэл ящI зэрымыхъунур жиIащ. КIуэкIуэм къигъэлъэгъуа бжыгъэхэм ятепщIыхьмэ, Социальнэ фондым зыуэ щыт пособиеу сабий мини 174-рэ щапI унагъуэ мини 110-м сом мелард 36-рэ иритащ, бынунагъуэшхуэхэм я псэупIэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ ират сом мин 250-р сом мин 500 ящIащ, 2024 гъэм и фокIадэ лъандэрэ къэрал мылъкум къыхокI сабий гъэсапIэхэм щыIэ ныбжьыщIэхэм трагъэкIуадэр. ЩIэблэм я зыгъэпсэхугъуэ пIалъэр къызэрызэрагъэпэщым щытепсэлъыхьым, КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ нэгъабэ IуэхущапIэ 34-м сабий мини 7,5-м зэрызыщагъэпсэхуар, я узыншагъэм зэрыщыкIэлъагъэплъар. КъищынэмыщIауэ, социальнэ лэжьакIуэм и Iуэхутхьэбзэхэр ялъысащ цIыху мин 48-м.

Зэрызыхуагъазэм Iэтащхьэр щхьэхуэу къыщытеувыIащ узыншагъэр зыхъумэ IэнатIэм. Дохутырхэм я Iуэхутхьэбзэр псоми къалъысу лэжьыгъэр зэтеублэнымрэ сымаджэхэм зыхуей хуэзэу якIэлъыплъынымрэ папщIэ IэщIагъэлIхэмкIэ, IэмэпсымэхэмкIэ IуэхущIапIэхэр къызэгъэпэщын, сымаджэщхэр ухуэн, къыщIадзауэ ящIхэр икIэщIыпIэкIэ икIэм нэгъэсын зэрыхуейр къыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек. «Узыншагъэр хъумэн» лъэпкъ проектыр ягъэзэщIэн зэрыщIадзэрэ, поликлиникэ 31-рэ зэрагъэпэщыжащ, сымаджэщу 7 яухуащ, иджырей медицинэ Iэмэпсымэу 306-рэ къащэхуащ, автотранспорт 94-рэ къаIэрыхьащ. Иужьрей илъэситхум зи узыншагъэр къапщыта цIыхухэм я бжыгъэр процент 72-м нэсащ. «Земский доктор», «Земский фельдшер» программэхэмкIэ дохутыр 28-рэ къуажэхэм лэжьакIуэ ягъэкIуащ, абы нэмыщI ику ит медицинэ щIэныгъэ зиIэ IэщIагъэлIи 8 яунэтIащ.

Iэтащхьэм зи гугъу ищIахэм яхэтщ хьэрычэт Iуэхури. Абы жиIащ хьэрычэтыщIэхэм хэхъуэ, зыужьыныгъэ яIэнымкIэ ди республикэм Iэмал псори къызэрыщызэгъэпэщар, хьэрычэт Iуэху цIыкIумрэ ику итымрэ я бжыгъэр илъэс къэс зэрыхэхъуэр, абыхэм щIыналъэ экономикэм хэлъхьэныгъэ хъарзынэ зэрыхуащIыр.

Апхуэдэ дыдэу Iэтащхьэр тепсэлъыхьащ щэнхабзэ, ухуэныгъэ, туризм IэнатIэхэм нобэ я Iуэху зытетымрэ блэкIа илъэсым зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэмрэ. Егъэджэныгъэ IэнатIэр къапщтэмэ, зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр щыгъасэ IуэхущIапIэхэм сабийуэ къащтэфыр мин 46-кIэ нэхъыбэ хъуащ, еджапIэ 265-рэ зыхуей-зыхуэфIкIэ къызэрагъэпэщащ, школи 194-м «Точка роста» щIэныгъэ центрхэр къыщызэIуахащ, кванториумих щолажьэ IуэхущIапIэхэм. 2024 гъэм ныбжьыщIэ 4039-рэ зыщIэхуэ школи 6-м я бжэхэр зэIуахащ, 2025 гъэм цIыху 5650-рэ зэкIуэлIэн курыт еджапIэу 10 къызэIуахынущ. КъэкIуэну илъэсищым школ 70 зэрагъэпэщыжыну, къагъэщIэрэщIэжыну я мурадщ.

АдэкIэ КIуэкIуэ Казбек тепсэлъыхьащ щIалэгъуалэм ядэлэжьэным ди щIыналъэм мыхьэнэшхуэ зэрыщратым, къалэхэмрэ районхэмрэ ЩIалэгъуалэ зэхуэсыпIэхэр къызэрыщызэIуахым, ар федеральнэ программэм тету республикэм зэрыщылажьэм. Къэрал программэр гъэзэщIа хъун папщIэ КъБР-м сом мелуан 280-рэ мы гъэм къызэрыхуаутIыпщынур дыщIигъуащ.

Гъуэгухэр зыхуей зэрыхуагъэзэжыр, абы текIуэдэну ахъшэр къазэрыIэрыхьэр, федеральнэ гъуэгуу километри 190-рэ щIыналъэ автомобиль гъуэгуу километр 928-рэ нэгъабэ зэрызэрагъэпэщыжар къыхигъэщащ. ПсэупIэ-комунальнэ IэнатIэр зэрырагъэфIакIуэм, мэкъумэшхэкIыу къалэжьыр зэрымымащIэм, улахуэр Iэмал зэриIэкIэ зэрыхагъахъуэм, нэгъуэщI куэдми тепсэлъыхьащ Iэтащхьэр.

Нэхъыщхьэу къулыкъущIэхэм яхуигъэувахэм ящыщщ экономикэм зэпIэзэрыту зэрызиужьын хуейр, 2030 гъэм ирихьэлIэу ВРП-р сом мелард 700-м зэрынэгъэсыпхъэр хэкъузауэ жиIащ. ИкIи дыщIигъуащ къулыкъущIэхэм я къалэнхэр фIыуэ къазэрыгурыIуэм, республикэм исхэр лэжьакIуэжьу зэрыщытым я фIыгъэкIэ зыхуагъэувыжа мурад псори зэрызрагъэхъулIэфынум шэч къызэрыттримыхьэр.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Къэрал Думэм и депутатхэм яIуощIэ



Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек КъБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъэзам иужькIэ, яIущIащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэу Геккиев Заур, Къанокъуэ Тимур, Родинэ Викторие, Щхьэгуэш Адэлбий сымэ.

АХЭР тепсэлъыхьащ республикэм и УнафэщIым хабзэубзыху IэнатIэм Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм - щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм теухуауэ адэкIэ ирагъэкIуэкIынухэм.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым псэукIэр щегъэфIэкIуэным теухуауэ зэгъусэу зэфIэтхын хуей лэжьыгъэшхуэхэр къытпэщытщ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. - Дэтхэнэ зыми и зэфIэкIым куэд елъытащ. Республикэм и цIыхухэм я дежкIэ социальнэ мыхьэнэ зиIэ проектхэр къызэрыдэтхыным, ахэр ипэкIэ зэрыдгъэкIуэтэным адэкIи иужь дитынущ».

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэлъэгъуахэм арэзы техъуэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI **ЕГОРОВЭ Татьянэ**

Налшык къалэ,
2025 гъэм мэкъуауэгъуэм и 25-м
№175-П-П

Нэхъыбэжым дытегушхуэ хъунущ

КъБР-м и Хабзэгъэув IэнатIэм и УнафэщIымрэ парт фракцэхэм я пашэхэмрэ журналистхэм ядэгуэшащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам теухуа я гупсысэхэмкIэ.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ:

- Псом япэу къыхэзгъэщыну сызыхуейр Зэрызыхуагъазэр фIым ухуэзыгъаплъэу зэрыщытырщ. Абы щхьэусыгъуэ иIэщ. Республикэм и Iэтащхьэм и къэпсэлъэныгъэм къыщызэщIикъуэжащ нэгъабэ щIыналъэм игъуэта зыужьыныгъэмрэ иужьрей илъэсхэм зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэмрэ. А псори щыхьэт тохъуэ, сыт хуэдэ гугъуехь къыкъуэкIми, республикэр зэтеубыдауэ ипэкIэ зэрыкIуатэм. ЗэпIэзэрыту зеужь экономикэм, хэгъэгум езым и хэхъуэр нэхъыбэ хъу зэпытщ, абыхэм социальнэ Iуэхухэр зыхуей хуэзэу зэфIэдгъэкIынымкIэ, цIыхухэм я псэукIэмрэ республикэм и зэIузэпэщыныгъэхэмрэ едгъэфIэкIуэнымкIэ Iэмал хъарзынэхэр къыдат.

БлэкIа илъэсхэм зыIэрыдгъэхьахэр лъабжьэ тщIыуэ, нэхъыбэжым дытегушхуэ хъунущ дяпэкIэ. Мис а къалэнхэр IупщIу къыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек и Зэрызыхуагъазэм. Псалъэм папщIэ, 2030 гъэм ирихьэлIэу ВРП-р хуэдитIрэ никъуэкIэ нэхъыбэ тщIын хуейуэ къигъэуващ. Ар тхузэфIэкIмэ, цIыхухэр нэхъ зыхуэныкъуэ унэтIыныгъэхэм мылъку нэхъыбэ хэтлъхьэну Iэмал диIэнущ.

УщыгуфIыкI хъунущ Зэрызыхуагъазэм унагъуэхэм, псом хуэмыдэу сабий зэрысхэм, защIэгъэкъуэным увыпIэ хэха зэрыщиубыдым. АхъшэкIэ дазэрыдэIэпыкъум нэмыщIкIэ, псэуныгъэ и лъэныкъуэкIэ защIэдгъэкъуэнри япэ игъэщын зэрыхуейр жиIащ. Дауи, къытеувыIащ дзэ Iуэху хэхам теухуа лэжьыгъэми. Сыт щыгъуи хуэдэу, зауэлIхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрадэIэпыкъун хуей щIыкIэ куэд къигъэлъэгъуащ Iэтащхьэм.

КIэщIу жыпIэмэ, Зэрызыхуагъазэм щызэхэсхахэм си фIэщ ящI республикэм дяпэкIи зиужьыу, цIыхухэм я псэукIэр ефIакIуэу дыкъызэрекIуэкIынур.

КъБР-м и Парламентым щыIэ «Урысей зэкъуэт» фракцэм и унафэщI АфэщIагъуэ Михаил:

- Сыт щыгъуи хуэдэу, КъБР-м и Iэтащхьэм Парламентым Зэрызыхуигъазэм къиищигъэлъэгъуащ щIыналъэм и пащхьэ къит къалэн нэхъыщхьэхэр. Псэуныгъэ-экономикэ, инвестицэ Iуэхухэм щытепсэлъыхьым игъэбелджылащ абыхэм республикэм и лъабжьэр зэрагъэбыдэр, лэжьыгъэ IэнатIэщIэхэр къызэрыунэхур. СВО-м и гугъу щищIым КъБР-м къэралым щекIуэкI Iуэхур зэрыдиIыгъыр, ди дежкIи ар япэ идгъэщхэм зэращыщыр игъэбелджылащ. Абы хэтхэмрэ я унагъуэхэмрэ зэпыу имыIэу дазэрыдэIэпыкъур, дяпэкIи абы къыпытщэн зэрыхуейр жиIащ Iэтащхьэм.

Зэрызыхуагъазэм КъБР-м и УнафэщIхэм бюджетыр егупсысауэ зэрызэрагъэзахуэр, къэрал программэр зыхуей хуэзэу и пIалъэм зэрагъэзащIэр къыхэщащ. Къэзгъэлъэгъуэну сыхуейщ мыр блэкIа илъэсым зэфIэдгъэкIахэр къыщызэщIикъуэж дэфтэру зэрыщымытыр, атIэ къэкIуэнум дыхуэзышэну лъэбакъуэхэр зэрыщыгъэбелджылар. Дэ жыджэру дыхэлэжьыхьынущ республикэ УнафэщIым къигъэува къалэн псори гъэзэщIэным.

КъБР-м и Парламентым КПРФ-м и фракцэу щыIэм и унафэщI Пащты Борис:

- Иджырей Зэрызыхуагъазэр псэуныгъэм епха IуэхухэмкIэ къыщIидзащ КъБР-м и Iэтащхьэм. Ар захуагъэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, экономикэм и Iуэхур дауэ щытми, ар зэгъэщIылIар цIыхухэрщ, абыхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ. ЦIыхубэр, жылагъуэр «узыншэу» щытын щхьэкIэ егъэджэныгъэр, щэнхабзэр, медицинэр зыхуей хуэзэу зэрызэтеублапхъэр къагурыIуэу махуэ къэс ирагъэфIакIуэ.

Хуабжьу зэман гугъу дыкъыпхыкIащ, иджыпстуи тыншкъым, ауэ республикэ экономикэр къызэрызэтенам, уеблэмэ зэрызиужьым ущымыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым. Абы къыхэкIыу мы илъэсри хъарзынэу къызэднэкIыну гугъэ уегъэщI.

Сыт хуидиз гугъуехь хэльми, бюджет IэнатIэм пэрытхэм я улахуэр процентi 10-кIэ зэрыхигъэхъуэн Iэмал къегъуэт республикэм, ари гур къыдэзышейхэм ящыщщ.

ЦIыхубэ мамырыгъэр, лъэпкъ зэкъуэтыныгъэр, дин зэгурыIуэныгъэр тхуэхъумэмэ, зэран къытхуэхъун щыIэкъым. Псоми къагурыIуэну сыхуейщ ди лъахэм и псэукIэр зэIагъэхьэну зыми зэрахуэдмыдэнур. Мис ахэращ Зэрызыхуагъазэр зытеухуауэ щытари.

КъБР-м и Парламентым «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» фракцэу хэтым и унафэщI Кебеков Владимир:

- Сэ сызэреплъымкIэ, Iэтащхьэр Украинэм щекIуэкI Iуэхум зэригъэпIейтейм блэкIыфакъым. Дыхуеймi-дыхуэмейми, Урысейр нобэ зауэм хэтщ. Ди къэралыр 1941 - 1945 гъэхэм фашизмэм ебэнамэ, нобэ иджырей теплъэ къэзыщта фашизмэм пэщIэтщ. Абы папщIэ республикэ УнафэщIым къэрал Iуэхур зэрыдиIыгъыр къыхигъэщащ икIи СВО-м щыIэ щIалэхэм ядэIэпыкъун, гулъытэ яхуэщIын, къэкIуэжхэм защIэгъэкъуэн зэрыхуейр игъэбелджылащ.

Узыншагъэр хъумэн, псэукIэр егъэфIэкIуэн IэнатIэхэмкIэ цIыхубэм Iуэхутхьэбзэ яхуэтщIэу зэрыарар дигу къегъэкIыж УнафэщIым. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, къуажэхэм дохутырхэр щылэжьэну зэрагъакIуэр хуабжьу Iуэху щхьэпэщ. Апхуэдэу иджыри егъэкIуэкIын хуейщ.

КIуэкIуэ Казбек жиIахэм, абы къигъэлъэгъуа бжыгъэхэм хьэкъ тщащI республикэр ипэкIэ зэрыкIуатэр.

КъБР-м и Парламентым ЛДПР-м и фракцэу щыIэм и унафэщI Безгодькэ Владимир:

- КъБР-м и Iэтащхьэмрэ абы къыдэлажьэ гупымрэ зэгъэуIуауэ Iуэхугъуэ хэхахэм яужь зэритым и щыхьэту къысщыхъуащ Зэрызыхуагъазэр. Абы зи гугъу имыщIа IэнатIэ къэнакъым. Мыпхуэдэ зы Iуэхугъуэ къыхэзгъэщыну сыхуейщ КIуэкIуэ Казбек жиIахэм: «2» бжыгъэр нэщэнэ хъуащ - иужьрей илъэситхум хуэдитIкIэ дефIэкIуащ, къэкIуэну илъэсхэм диIэ фIыгъуэр хуэдитIкIэ дгъэбэгъуэну къытхуигъэуващ.

Хуабжьу си гуапэ хъуащ ЛДПР политикэ партым сытым дежи япэ иригъэщ Iуэхугъуэхэр республикэ УнафэщIым зэригъэбелджылар. Абы хохьэ къулейсызхэм я бжыгъэр гъэмэщIэныр, коммунальнэ IэнатIэр егъэфIэкIуэныр, цIыхухэм я хэхъуэр, псэукIэр нэхъыфI щIыныр.

Дауи, гулъытэншэ пщIы хъунукъым СВО-м щыIэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ я Iуэхур. Къапщтэмэ, республикэм и Хабзэубзыху IэнатIэр жыджэру йолэжь абы, ахэр зыхуей-зыхуэныкъуэхэр икIэщIыпIэкIэ къызэгъэпэща хъун папщIэ, хабзэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хыдолъхьэ, унафэщIэхэр къыдыдогъэкI. Ди фIэщ мэхъу республикэр лъэ быдэкIэ зэрыщытыр, ди къарур ди зэкъуэтыныгъэм зэрыхэлъыр. Ди Iэтащхьэм и мурадхэр дэтIыгъыным и мызакъуэу, ди Хэкур ефIэкIуэн папщIэ тхузэфIэкI къэдгъэнэнукъым.

КъБР-м и Парламентым щыIэ «ЩхъуантIэхэр» фракцэм и унафэщI Щхьэгъэпсо Сэфарбий:

- Зэрызыхуагъазэм унэтIыныгъэ псори къызэщIиубыдащ жыпIэмэ ущыуэнукъым. Ауэ адрей гъэхэм емыщхьу нобэ КIуэкIуэ Казбек и къэпсэлъэныгъэм хэслъэгъуар «экономикэ щхъуантIэкIэ» дызэджэм хиубыдэ гугъуехьу республикэм илъхэрщ. Псом япэу ар энергокъарухэрщ, псы къабзэрщ, мэзхэр хъумэнырщ, гъуэгухэрщ. А лъэныкъуэхэмкIэ республикэм щалэжьхэмрэ дяпэкIэ я мурадхэмрэ къэплъытэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр «экономикэ щхъуантIэм» гъунэгъу зэрыхуэхъуар, зэрыхыхьар къыхэзгъэщыфынущ.

ЕтIуанэрауэ, псоми гу лъыфтагъэнщ, Урысей Федерацэм и хэгъэгухэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрыр туристхэм нэхъ ягу ирихь щIыпIэу къыхагъэщу зэрыхъуам. ЦIыху мелуан 1,8-рэ зы илъэсым кърикубыдэу хьэщIапIэ къызэрытхуэкIуэр республикэ бюджетым дежкIэ хуабжьу щхьэпэщ. Пэжщ, абыи гугъуехь куэд пылъщ, экосистемэр хъумэн, зэтеIыгъэн хуейщи, ар къызэрыдэхъулIэнум теухуа программэ зэхэлъхьапхъэщ.

ЗэIущIэм и кIэухым КIуэкIуэм жиIащ ди Iуэхур ефIэкIуэн папщIэ псори дызэкъуэувэу дылэжьэн зэрыхуейр. Дэ ар дыдоIыгъ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

ЕГОРОВЭ Татьянэ: ЛъапIэнычгъэхэр хъумэжыным я мыхьэнэм ди зэманым хэпщIыкIыу хохъуэ

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм мэкъуауэгъуэм и 24, 25 махуэхэм щекIуэкIащ щIэныгъэ-практикэ конференцыр. Ар къызэрагъэпэщащ урысейпсо тхыдэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, «ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академием Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ щIэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ и центрым, КъБКъУ-м и социально-гуманитарнэ институтым, Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр ди къэралым къызэрыщихьрэ мы гъэм илъэс 80 зэрырикъум и щIыхькIэ.

ЗЭХЫХЬЭР ирагъэкIуэкIащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и унафэщI Дзэмыхь Къасболэтрэ ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ центрым и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Къэжэр Артуррэ.

ЗэIущIэм зэхуишэсащ егъэджакIуэхэр, методистхэр, щIэныгъэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэр, студентхэр.

Конференцым и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Парламентымрэ Урысейпсо тхыдэ зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм и советымрэ я УнафэщI Егоровэ Татьянэ, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и Жылагъуэ советымрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ я тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, КъБКъУ-м и социально-гуманитар институтым и унафэщI Тэмазэ Муслъим.

Егоровэ Татьянэ зэIущIэм зыкърезыгъэхьэлIахэмрэ ар къызэзыгъэпэщахэмрэ фIэхъус гуапэкIэ захуигъэза нэужь, и псалъэм къыхигъэщащ конференцыр зытраухуа Iуэхум ди зэманым мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

- Хэку зауэшхуэм ди къэралым ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщихьрэ илъэс 80 зэрырикъуар зэрыдгъэлъапIэрэ куэд щIакъым. Хэку зауэшхуэм епха куэд иджыри нэсу яджыну къапэщылъщ. Ди къэралым и Президент Путин Владимир «ТекIуэныгъэ» урысей къызэгъэпэщакIуэ комитетым и зэIущIэм зэрыщыжиIащи, Хэку зауэшхуэм ди къэралым ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщихьрэ илъэс 80 щрикъу гъэм екIуэкI Iуэхугъуэхэр нэхъыщхьэу зытеухуауэ щытын хуейр тхыдэм и пэжырщ, узыфIэмыкIыжын щыхьэтхэмкIэ щIэгъэбыдэжауэ. ЩIэблэм ар я тегъэщIапIэу я гупсысэр, я Iуэху бгъэдыхьэкIэр, я дуней лъагъукIэр псыхьа хъунущ. Мы Iуэхумкiэ, дауи, жэуаплыныгъэ ин къылъос егъэджэныгъэ IэнатIэм. ЩIэныгъэм, егъэджэныгъэм, цIыхум зиузэщIыным телажьэ IуэхущIапIэхэр нэхъ жыджэру хэтын хуейщ тхыдэм и пэжыр пхыгъэкIыным, пцIым пэщIэтыным теухуа лэжьыгъэм. Гуманитар щIэныгъэхэр зэрырагъэджым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн хуейщ, псом япэу тхыдэм, обществознанием, литературэм, - жиIащ Егоровэ Татьянэ. – Хэку зауэшхуэм и тхыдэр зэрырагъэдж Iэмалхэм егъэджакIуэхэм зэпымыууэ щIэхэр халъхьэн, апхуэдэ дерсхэр зэраухуэм хэплъэжын хуейуэ зэманым къегъэув. Иджырей Iэмалхэр къагъэсэбэпауэ, еджакIуэхэр тхыдэм и пэжым, а зэманым къэхъуа Iуэхухэм щыгъэгъуэзапхъэщ. Хэку зауэшхуэм и тхыдэр щрагъэджкIэ, Iэмал имыIэу классщIыб сыхьэтхэр къызэрагъэпэщын, ди жагъуэ зэрыхъунщи, зи бжыгъэр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ хъу ветеранхэм, а зэман хьэлъэм лэжьахэм, зауэм и бынхэм хуагъэзэн хуейщ. КъинэмыщIауэ, мыхьэнэшхуэ иIэщ зауэ щекIуэкIа, тхыдэ, щэнхабзэ щIэину къалъыта щIыпIэхэм зыщрагъэплъыхьыным, фэеплъхэм кIэлъагъэплъыным, ахэр зэгъэпэщыжыным щIалэгъуалэр хэшэным.

Къэпсэлъам къыхигъэщащ:

- А зэхыхьэхэм пыухыкIауэ зыгуэр къыщащIэ къудей мыхъуу, еджакIуэхэм зэхахыр я нэгу къыщIагъэхьэн, зыхащIэн хуейщ. Ди щIэблэм ящIапхъэщ ди нэхъыжьыфIхэм ТекIуэныгъэ Иныр къахьын папщIэ зыпхыкIа гузэвэгъуэхэмрэ ягъэва бэлыхьхэмрэ, дуней псом ягъэщIагъуэу къэралыр къызэщIэзыIэтэ къару къыздрахар. Ар псом япэу зыхузэфIэкIынур литературэрщ. Зауэм и пэжыр нэхъыбэу къэзыгъэлъэгъуэжар абы хэта, зи гугъу ящI гузэвэгъуэхэр зи нэгу щIэкIа тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэщ. Абы тепщIыхьмэ, и чэзу хъуащ литературэм и пщIэр къэтIэтыну, жылагъуэм щигъэзащIэ къалэным пэлъэщыфын хуэдэу. НэгъуэщIу дэ хэкупсэ тхуэгъэсэнукъым. Абы къыхэкIыу дгъэзэкIуэжын хуейщ зэредгъаджэм хэлъ щыщIэныгъэхэр. А къалэныр и пщэм къыдохуэ щэнхабзэми. 2025 гъэм фокIадэм и 1-м щыщIэдзауэ «История родного края», 2026 гъэм фокIадэм и 1-м щыщIэдзауэ «Духовно-нравственная культура России» дерсыщIэхэр школ программэм хагъэхьэ. Школ программэмкIэ яджыну Урысей щэнхабзэм къыдэкIуэу, ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэмрэ анэдэлъхубзэхэмрэ джыным гулъытэ нэхъыбэ хуэтщIыну къытпэщылъщ.

Сэхъурокъуэ Хьэутий жиIащ иужьрей илъэсипщIым КъухьэпIэм я дзыхь зэрырагъэзам я зэран жылагъуэм, тхыдэ фэеплъхэм, щэнхабзэм къызэрекIар, Урысейм щыпсэу лъэпкъхэр лIэщIыгъуэкIэрэ зэкъуагъэувэу къекIуэкIами. Абы щIигъужащ егъэджакIуэхэм щIэблэм пэжымрэ пцIымрэ зэхагъэкIыфу, лъапIэныгъэхэр, хабзэр, щэнхабзэр яхъумэу ягъэсэну я пщэ къызэрыдэхуэр.

Тэмазэ Муслъим конференцым мыхьэнэшхуэ иIэу къилъытащ, Хэку зауэшхуэм и тхыдэ фэеплъхэр хъумэнымкIэ гуманитар щIэныгъэхэм нэхъ тегъэщIапIэу зэрагъэувар къыхигъэщу. Абы жиIащ иджырей щIалэгъуалэр совет зэманым къэхъуа Iуэхухэм зэрыпэжыжьэр, совет цIыхухэм яухуа щэнхабзэмрэ лъапIэныгъэхэмрэ хуэм-хуэмурэ зэрыкIуэдыжыр. «Хэку зауэшхуэм нэхъыжьхэм щызэрахьа лIыгъэм и фэеплъхэрщ жьымрэ щIэмрэ нэхъ зэпызыщIэр. Аращ зауэм и пэжыр хъумэн, ар къэкIуэну щIэблэм я деж нэхьэсын щIыхуейр», - жиIащ абы.

Пленарнэ зэIущIэм хыхьэу Дзэмыхь Къасболэт ищIащ «О некоторых рекомендациях по изучению проблемно-хронологических блоков истории Великой Отечественной войны 1941-1945 годов» доклад купщIафIэ. Ар теухуат 1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэр нэсу джынымкIэ чэнджэщхэм.

Къэжэр Артур и псалъэр нэхъыщхьэу зытриухуар Хэку зауэшхуэм и тхыдэр пцIы зэфэзэщу къызэрыратхыкIыжырщ. Аращ а дерсыр езыгъэджхэм къалэнышхуэ я пщэм къызэрыдэхуэм гу щIалъригъэтар. Абы къыпащэу къэпсэлъахэм и гугъу ящIащ Хэку зауэшхуэм теухуа тхыгъэхэр литературэм къызэригъэлъагъуэм, къэбэрдей-шэрджэс дерсхэмрэ классщIыб сыхьэтхэмрэ зауэр зэрыщрагъэджым.

Конференцым нэхъыщхьэу зи гугъу щащIахэр къызэщIэпкъуэжмэ, тхыдэр е литературэр дяпэкIэ зэрырагъэджыну Iэмалхэм я закъуэкъым абы къыщаIэтар, атIэ егъэджэныгъэр къагъэсэбэпу щIэблэр зэрагъэсэну Iэмалхэр зэзыгъэуIу бгъэдыхьэкIэхэрщ.

Гуманитар щIэныгъэм и Iуэху зэIумыбзхэм, еджакIуэхэм тхыдэ щIэныгъэ зэрыратынум, урысыбзэр, адыгэбзэр, балъкъэрыбзэр, литературэр Хэку зауэшхуэм и фэеплъхэр яхъумэжыным трагъащIэу зэрырагъэджыным тепсэлъыхьу дыгъуасэ иджыри секцэхэм щыпащащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм къалэн куэд щагъэзащIэ и гимназием, гимназие №1-мрэ курыт школ №9-мрэ. Абы щыжаIар щызэхуэхьэса тхылъ къыдагъэкIыжынущ, «Кавказология» электрон щIэныгъэ журналымрэ «Поиск научных решений» щIэныгъэ-методикэ журналымрэ тхыгъэхэр традзэнущ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● ЛIыгъэм и дамыгъэ

Суворовым и орденыр

Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм ягъэува зауэ дамыгъэхэм ящыщщ. Ар хуагъэфащэрт фронтым, дзэм е дзэ зэгухьэныгъэм я унафэр къызыхуэтыншэу зыщIа, я пащхьэ къилъ дзэ къалэнхэр нэсу зрагъэхъулIэн щхьэкIэ лъэныкъуэ псомкIи зэщIэгъэуIуа операцэхэр езыгъэкIуэкIа, а псом япкъ иткIэ биидзэм хэщIыныгъэ ин езыта, зауэхэм текIуэныгъэхэр къыщызыхьа Дзэ Плъыжьым и дзэзешэхэм, дзэ зэгухьэныгъэ щхьэхуэхэмрэ штабхэмрэ я унафэщIхэм, абыхэм я къуэдзэхэм. Апхуэдэу Суворовым и орденымкIэ дзэ зэгухьэныгъэ щхьэхуэхэм я цIэр къраIуэрт.

ДАМЫГЪЭР СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м къищта унафэм ипкъ иткIэ ягъэуващ. Орденыр нагъыщищ зиIа япэ дамыгъэхэм ящыщщ. Биидзэм Дзэ Плъыжьыр щыхигъащIэ, Севастополь къалэр IэщIихауэ Тэнрэ ИндылкIэ щригъэкIуэт лъэхъэнэращ дамыгъэр гукъэкI щащIауэ щытар. Дзэпщ Нэхъыщхьэм 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м къищта, «Зы лъэбакъуэкIи уимыкIуэт!» («Ни шагу назад!») фIэщыгъэр зыгъуэта 227-нэ унафэм ипкъ иткIэ абы щыгъуэ ящIыгъа жэрдэмым и зэщIэным иужь ихьащ. Къыхэгъэщыпхъэщ абы нэс къэрал дамыгъэхэмкIэ хэти, ар дзэзешэу е дзэ зэгухьэныгъэ щхьэхуэм и унафэщIу, зауэлI къызэрыгуэкIыу е партизану щрет, я цIэ къраIуэу щытамэ, иджы орденхэр зыхуагъэфащэ хъунур ар зыхуагъэувыр дзэ IэнатIэ пыухыкIам пэрытын зэрыхуейр.

Пэхуэщiэ зыбжанэ къыхалъхьат, ауэ щIэуэ зэрагъэпщ дамыгъэхэм тхыдэм зи лIыгъэрэ хахуагъэкIэ къыхэна дзэзешэхэм я цIэр фIэщыным траубыдащ. Орденым и теплъэр гъэхьэзырынымкIэ зэхашэгъа зэпеуэм къыхэкIа лэжьыгъэхэм хэплъа нэужь, нэхъыфIу къалъытащ Зауэ пэхуэщIэхэм я институт нэхъыщхьэм и архитектор Скокан Пётр и IэдакъэщIэкIыр. Ахъшэ зыщI IуэхущIапIэм и IэщIагъэлIхэм я чэнджэщкIэ Скокан и пэхуэщIэм зэхъуэкIыныгъэ мащIэхэр халъхьащ. Апхуэдэу II, III нагъыщэхэр зиIэ орденыр миллиметриблкIэ нэхъ цIыкIу ящIащ, I нагъыщэ зиIэ дамыгъэм и вагъуэм ищхьэкIэ къыщыхэкI бзийм вагъуэ плъыжь тращIыхьащ. А зэхъуэкIыныгъэхэм 1942 гъэм фокIадэм и 30-м къащта къэрал унафэмкIэ къару ягъуэтащ.

Суворов Александр и цIэр зыфIаща орденыр бзиитху къызыхэкI вагъуэ теплъэ зиIэ дамыгъэщ. Орденым и I нагъыщэр дыщэ хужьым, II нагъыщэр дыщэ плъыжьым, III нагъыщэр дыжьыным къыхэщIыкIащ. Вагъуэ бзийхэм мащIэу зэкIэщIэкI дэбзыкIхэр яIэщ. IуплъапIэм ику дыдэм хуэзэу уэрдыхъу псыгъуэ тIуащIэ къызыдекIуэкI, зи лъэгур зэфэзэщу джафэ медальон ищIыхьащ. Абы лапхъэ щхъуэ-фIыцIафэ телъщ. I нагъыщэ зиIэ орденым ищхьэкIэ щыIэ уэрдыхъу тIуащIэм и зэхуакури иIэгъэ плъыжь псыгъуэкIэ къилыкIащ. Апхуэдэ иIэгъэ II, III нагъыщэхэм яIэкъым. Медальоным зи нэгур сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ гъэза дзэпщым и сурэт гъэджэфар тещIыхьащ. Дзэпщым и теплъэр 1818 гъэм сурэтыщI Уткин Николай итха сурэтым тращIыкIащ. Абы и щхьэмкIэ къекIуэкIыу хьэрфышхуэ защIэкIэ «СУВОРОВ АЛЕКСАНДР» псалъэхэр къыхэIущIыкIащ. I, II нагъыщэ зиIэ орденым дзэпщым и цIэр плъыжьыфэ къызыщIыхьэ лапхъэкIэ къыхэгъэкIащ. Сурэтым и лъабжьэкIэ щыIэ уэрдыхъу тIуащIэм дыщэм къыхэщIыкIа лэб-жыгей зэхэухуэнахэр къытелъщ.

Орденым и щIыбагъыр зэфэзэщу джафэщ, и нэзхэр къыхэщ къудейуэ уэрдыхъу псыгъуэкIэ къэщIыхьащ, и кум хуэзэу мастэкъуаншэ егъэубыдыпIэ иIэщ.

Орденым и I нагъыщэм хэт вагъуэм зэпэщIэту хэт папцIапIэхэм я зэхуакум миллиметр 56-рэ, II, III нагъыщэхэм миллиметр 49-рэ дэлъщ. Дамыгъэм и I нагъыщэм дыщэ хужьу грамм 28,995-рэ, дыщэ плъыжьу грамми 8,84-рэ, дыжьыну грамми 9,2-рэ хэлъщ, и хьэлъагъыр грамм 51,8-рэ мэхъу. II нагъыщэ зиIэ орденым дыщэ плъыжьу грамм 23,098-рэ, дыжьыну грамм 12,22-рэ хэлъщ, и хьэлъагъыр грамм 39,2-рэ мэхъу. III нагъыщэ зиIэ орденым дыжьыну грамм 22,88-рэ хэлъщ, и хьэлъагъыр грамм 25,3-рэ мэхъу.

Суворовым и орденыр зауэлI фащэм и ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ храгъэубыдэ. Зыхуагъэфэщам нэгъуэщI дамыгъэхэр иIэмэ, Суворовым и орденыр адрей орденхэм япэ иту халъхьэ, II нагъыщэр зиIэ орденыр Хмельницкий Богдан и орденым и I нагъыщэм, III нагъыщэ зиIэ орденыр Хмельницкий Богдан и орденым и II нагъыщэм яужькIэ халъхьэ.

Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм дамыгъэм и I нагъыщэр цIыху 326-м, II нагъыщэр цIыху 2800 нэблагъэм, III нагъыщэр цIыху 4000-м нэблагъэм иратащ.

ТАБЫЩ Мурат.

● Экономикэ

ЦIыкIуми, гуащIафIэщ

ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм къищта унафэм ипкъ иткIэ, 2017 гъэм къыщыщIэдзауэ мэкъуауэгъуэм и 27-р ягъэлъапIэ IуэхущIапIэ цIыкIухэмрэ курытхэмрэ я махуэу.

ДЫЗЭРЫТ илъэсым и къыхуеджэныгъэ нэхъыщхьэу къалъытар «IуэхущIапIэ цIыкIухэмрэ курытхэмрэ жылагъуэм щаIэ увыпIэр щIэгъэбыдэныр – экономикэм и зыужьыкIэр мардэ убзыхуам тетынымрэ абы къыщыхалъхьэ жэрдэмыщIэхэр зыгъэкIуатэ къарумрэ я джэлэс нэсщ» жыхуиIэрщ.

Мыбы и къалэн нэхъыщхьэр ЩIы Хъурейм къэралу тетым я экономикэр IуэхущIапIэ цIыкIухэмрэ курытхэмрэ я зэпIэзэрыт лэжьэкIэм куэду зэрепхар гъэбеджылынырщ.

Зи гугъу тщIы IуэхущIапIэ мыинхэм хабжэр щылажьэхэм я бжыгъэр 250-м щыщIимыгъухэрщ. Апхуэдэхэм я зэфIэкIыр хэгъэгу псоми я дежкIэ щымыщIыкIуфэкIуми, зызыужь къэралхэм щыин дыдэщ. Сыту жытIэмэ, я нэхъыбэр къыщызэIуахыр къалэшхуэхэм нэхъ пыIудза, щыпсэухэм ящыщу хэхъуэ мащIэ дыдэ къащыIэрыхьэ щIыпIэхэрщ.

АрщхьэкIэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, зи гугъу тщIы IуэхущIапIэхэр ящыщщ мылъку нэхъыбэ хэлъхьэн и IуэхукIи, Iутхэм я узыншагъэм зэгъэкIуауэ щыкIэлъыплъын и лъэныкъуэкIи лъэпощхьэпо куэд дыдэм Iууэхэм, псом хуэмыдэжу иужьрей илъэс бжыгъэм къриубыдэу.

Зи ныбжькIэ щIалэхэр е бзылъхугъэхэр зи унафэщI IуэхущIапIэ мыинхэм зэран нэхъ яхуэхъуахэм ящыщщ псори дызыщыгъуазэ «коронавирус» узыфэжьыр. Абы и гуауэщхьэуагъэкIэщ лэжьакIуэ куэдыр зыпэрыта IэнатIэхэм къыпэрыкIын хуей щIэхъуар. Аращ къызыхэкIар лъэщапIэ цIыкIухэм я нэхъыбэм къыщIагъэкI-щагъэхьэзыр хьэпшыпхэмрэ ерыскъыхэкIхэмрэ я куэдагъми фIагъми хэпщIыкIыу зэрыкIэрыхуар.

А псом къыдэкIуэуи, зи гугъу тщIы IуэхущIапIэхэм къэралхэм я экономикэм щаIыгъ увыпIэр къэмыгъэтIэсхъэнымкIэ хуабжьу щхьэпэщ хьэрычэтыр зэпIэзэрыт щытыкIэм изыгъэт зэбгъэдэтыкIэ узыншэм абыхэм я деж зыщегъэубгъунри, щIыхуэ-хьэху щIыкIэм тету къэралым и мылъкур нэхъ зэтыпхъэхэм ахэр яхэбжэнри, жылагъуэр нэхъ зытелэжьапхъэ унэтIыныгъэхэм ятеухуа хъыбархэр и чэзум ялъэгъэIэсынри.

Аращ дэтхэнэ къэралми я IуэхущIапIэ цIыкIухэм, хабзэм зыфIагъэпщкIун хуей щIэхъуа щхьэусыгъуэхэр ящхьэщыхауэ, хуиту «утыку» къызэрихьэфын щытыкIэщIэхэр къахузэгъэпэщамэ нэхъыфIу ООН-м щылажьэ, Iуэху щызыщIэ IэщIагъэлIхэми къыщIалъытар.

«IуэхущIапIэ цIыкIухэмкIэ къэрал зэхуаку агентствэ» зыфIащауэ ООН-м деж щыIэм къызэритымкIэ, ЩIы Хъурейм лъэщапIэу тетым я процент 90-р зыхуэзэр хьэрычэт цIыкIумрэ курытымрэщ. Апхуэдэхэм щолажьэ IэнатIэу щыIэм пэрыт псоми я процент 70-м нэблагъэр, дунейпсо ВВП-м и процент 50-м нэсыр къэзыгъэберычэтыр.

АрщхьэкIэ, УФ-м и экономикэм хьэрычэт мащIэмрэ курытымкIэ IуэхущIапIэхэм къащылъыс Iыхьэр, адрей къэралхэм елъытауэ, куэдкIэ нэхъ зэрыщымащIэм къыхэкIыу, ВВП-м щыщу къыщагъэхьэрычэтыр и процент 20-м нэблагъэрщ, щылажьэхэм я бжыгъэр къэралым и предприятэ псоми Iутхэм я процент 25-рэщ. АтIэми, ди гуапэ зэрыхъущи, Урысей Федерацэми хьэрычэт цIыкIумрэ курытымрэ мылъку и лъэныкъуэкIэ ядэIэпыкъунымкIи хабзэхэр нэхъ яхуэгъэщэбэным яхуэгъэзауи программэщIэхэр щыхузэхалъхьэ хъуащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Дунейм щыхъыбархэр

ЛIыхъужьхэм я щIэблэ

УФ-м и Президент Путин Владимир Кремлым щахуэзащ дзэ Iуэхухэм щыхуагъэхьэзыр еджапIэ нэхъыщхьэр ехъулIэныгъэкIэ къэзыух ныбжьыщIэхэм. Къэралым и УнафэщIым и гугъу ищIащ зыхъумэжыныгъэ и IуэхукIэ ирагъэкIуэкIхэм, дуней псор нобэ зэрыт щытыкIэм Урысейм щиубыд увыпIэм.

«Фи къулыкъур щIыводзэ ТекIуэныгъэр илъэс 80 щрикъу гъэм. Хэку зауэшхуэм и зэманми хуэдэу, нобэ дызыщIэзэур ди къэкIуэнырщ, ди зауэлIхэр псори Хэку зауэшхуэм и лIыхъужьхэм я щIэблэщ, - жиIащ Президентым. – Зыщывмыгъэгъупщэ фи адэшхуэхэм ирагъэкIуэкIа Iуэхушхуэхэм къыпызыщэ щIэблэу фыкъызэрыгъуэгурыкIуэр».

Апхуэдэу Путин Владимир тепсэлъыхьащ ди къэралым НАТО-мрэ КъухьэпIэмрэ яхуиIэ щытыкIэхэм. Абы теухуа псалъэмакъым къыщыхигъэщащ къухьэпIэ политик зыбжанэм Урысейм стратегие удынхэр кърадзын мурадхэр зэраIэр, НАТО-м Iуэхур къызэрызэщIигъаплъэр, къэралым и зыхъумэжыныгъэр абы и IэнатIэ псоми я лэжьыгъэр зэгъэуIуауэ щытыным зэрелъытар.

Унагъуэхэр даIыгъыу

«Захуагъэ здэщыIэ Урысей» партым и унафэщI Миронов Сергей УФ-м и вице-премьер Хуснуллин Марат зыхуигъэзащ «Унагъуэ ипотекэ» программэмкIэ къащтэ кредитыр проценти 3-м нагъэсыну.

Мы зэманым а программэмкIэ сабий зиIэ унагъуэхэм къащтэ ипотекэм илъэсым проценти 6 тохьэ, япэ хэлъхьэгъуэу псэупIэм и уасэм и процент 20-р ятын хуейщ. «ИтIанэми апхуэдэ худэчых щытыкIэр цIыху куэдым къатохьэлъэ. КъинэмыщIауэ, абыхэм мымащIэу яхэтщ ипотекэм и Iэмалхэр къагъэсэбэпу, я фэтэр цIыкIухэр нэхъ инкIэ, Iэхуитлъэхуитк1э зыхъуэжыну хуейхэр. А Iуэхуми гугъуехьхэр пыщIащ. Зэманышхуэ токIуадэ щэн-къэщэхуным. ЩэхуакIуэхэм, зэгурыIуэныгъэр зэращIылIа нэужь, фэтэрыр хуит къащIыну къагъэув, абы щIэса унагъуэр, къищэхуну унэр къигъуэтыху, пIалъэкIэ нэгъуэщI щыпIэ щыпсэун хуей мэхъу. Ари ди цIыхухэм я нэхъыбэр къизыгъэкIуэтщ, мылъку лей ягъэкIуэдын хуей зэрыхъум къыхэкIыу», - жиIащ абы.

А Iуэхум и хэкIыпIэу къегъэлъагъуэ: и псэупIэр банкым шэсыпIэу щриткIэ япэ хэлъхьэгъуэм процент темыхуэу кредит зэгурыIуэныгъэр зэращIылIэну Iэмалхэр къызэгъэпэщыпхъэу.

Мэкъуауэгъуэм и 26, *махуэку*

♦Наркоманиемрэ наркотикхэр щэнымрэ ебэныным и дунейпсо махуэщ
♦Залымыгъэ зыкIэлъызэрахьахэм къащхьэщыжыным и дунейпсо махуэщ

♦**1920 гъэм** Налшык и Затишье хьэблэм къалэм и япэ санаторэ къыщызэIуахащ.
♦**1938 гъэм** КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутатхэр япэу хахащ.
♦**1938 гъэм** къалъхуащ режиссёр, КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Абдокъуэ Маталио**.
♦**1945 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор, МАИ-м и академик **Къэсей Борис**.
♦**1990 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **Багъэтыр Луизэ**.

Дунейм и щытыкIэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 19 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 27, *мэрем*

♦Урысейм и щIалэгъуалэм я махуэщ
♦Бдзэжьей ещэным и дунейпсо махуэщ
♦Тропик мэзхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ
♦**1979 гъэм** «КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэр ягъэуващ.
♦**1968 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик **Хьэткъуэ Самир**.

Дунейм и щытыкIэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

ЛъэпкЪ Iущыгъэ:
ЛIыхъужь и лъэужь кIуэдыркъым.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Къэрал лIыкIуэ, хэкупсэ, усакIуэ

Урыс тхыбзэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа усакIуэшхуэ Пушкин Александр къыщалъхуа мэкъуауэгъуэм и 6-м УФ-м Урысыбзэм и махуэр щагъэлъапIэ. Урысыбзэм зыщIэгъэкъуэнымкIэ къэрал советым и мыгъэрей зэIущIэм Путин Владимир къыщыхилъхьащ Гамзатов Расул къыщалъхуа фокIадэм и 8-р Лъэпкъыбзэхэм я махуэу ягъэувыну.



Ауэ мы тхыгъэр зытеухуар Президентым зи цIэ къриIуа, куэдым ямыцIыху Тютчев Фёдорщ (1803-1873). Къэрал лIыкIуэу и гъащIэ псом лэжьа усакIуэр псэужамэ, илъэс 225-рэ щрикъуну 2028 гъэр Iэтауэ зэрагъэлъапIэнур къыхигъэщащ къэралым и лIыщхьэм.

«Тютчевым и тхыгъэхэм я зым Европэм зыщыхуегъазэ: Урысейр хьэзырщ фэ тхыдэкIэ къэфкIуа гъуэгуанэр къабыл ищIыну, ауэ фэри ди зэкъуэтыныгъэмрэ ди къарумрэ пщIэ къыхуэфщIу зевгъасэ», - игу къигъэкIыжащ Путин Владимир усакIуэм и псалъэхэр.

Тютчевым нэхъ гъэщIэгъуэн дыдэу сыт хэлъар жыпIэмэ, ар езым усакIуэу зэрызыкъимылъытэжыххэрт. И гъащIэри и гуащIэри зытекIуэдар дипломат, къэрал лIыкIуэ IэщIагъэрщ. Сыт нэхъ хэIущIыIур абы теухуауэ? Пушкиныр яукIа нэужь, Лермонтовым итха усэ цIэрыIуэм укъыфIэкIмэ, цIыхубэм гукъинэж нэхъ ящыхъуар нобэ зи гугъу тщIы усакIуэм и щыгъуэ псалъэхэрщ: «Япэ лъагъуныгъэм ещхьу, уэ зэи Урысейм и гум уихужынукъым». Япэ къэсым Iурылъщ Тютчевым и жыIэгъуэ цIэрыIуэу «Урысейр акъылкIэ къыбгурыIуэнукъым» жыхуиIэри. Хэт хъуну атIэ а хамэ къэралхэм щрихьэкIа гъащIэм анэдэлъхубзэкIэ тхэ усакIуэ Iэзэ ищIа цIыху къызэрымыкIуэр?

Тютчевхэ пасэрей урыс уэркъ лъэпкъыжьщ. И адэр Кремлым зэрыщылэжьа закъуэм къыбгурегъаIуэ абы щIэныгъэ къызэрыгуэкI зригъэгъуэтынуи къэрал къулыкъум IэщIэкIынуи Iэмалышхуэ зэримыIар. Аксаковхэ япхъу и анэри «егъэлеяуэ цIыхубз губзыгъэу» щытауэ жаIэж. Унагъуэм тепсэлъыхьа псоми гу лъатащ ахэр Толстой Лев «Каренинэ Аннэ» романыр къызэрыщIидзэ, «унагъуэ насыпыфIэ псори зэщхьщ» псалъэухар зыхужаIахэм я щапхъэу зэрыщытар. Нэхъ шэрыуэу а Iуэхум тепсэлъыхьыныр къызэхъулIар я хьэщIэщым щIыхьэрейуэ щыта тхыдэтх Погодин Михаилщ: «Тютчевхэ сахыхьэху, унагъуэ насып жыхуаIэр си нэгум къыщIэувэрт. Абыхэм ещхьу тыншрэ къызэрыгуэкIыу псэуащэрэт псори». Сабийхэм щIэныгъэ иратыным щIэхъуэпс адэ-анэм абыхэм урысыбзэрэ франджыбзэрэ ирагъащIэрт, музыкэм хурагъаджэрт. Тютчев-ныбжьыщIэм и щIэныгъэр нэхъ езыгъэфIэкIуа егъэджакIуэхэм язщ Раич Семён, абы щIалэм пасэрей алыджыбзэр, латиныбзэр, урымыбзэр иригъэджырт. И ныбжьыр илъэсибгъу фIэкIа щымыхъум, Тютчевым урымыбзэми алыджыбзэми кърихыурэ усэхэр зэридзэкIырт. Илъэс 14 щрикъуам, егъэджакIуэм и фIыгъэкIэ абы и усэхэр «Псалъэ гъэпсар фIыуэ зылъагъуу Урысейм исхэм я тхыгъэхэр» журналым къытрадзауэ щытащ.

Сыту тщIыну дэ пасэрей урыс унагъуэм щекIуэкIар, жыфIэнкIи хъунщ. Ауэ, япэрауэ, зы зэманым зэфIэува щэнхабзэхэр куэдкIэ зэпэгъунэгъущ. Лъабжьэ зиIэ лъэпкъ псори унагъуэм, гъащIэм, цIыху зэхэтыкIэм къыщыщхьэпэ хабзэхэмкIэ дызэтохуэ. ЕтIуанэрауэ, ди хъуреягъым щыдолъагъу адэ-анэхэм я быным щIэныгъэ, IэщIагъэ, зыхэпсэукIын лэжьыгъэ къыхуагъуэтын папщIэ, къаруушхуэ зэрагъэкIуэдыр, арищи, мы унагъуэм я сабий гъэсэкIэр щапхъэ яхуэхъункIи хъунщ.

ЩIалэ цIыкIур фIыуэ зэреджам, хьэлкIи зэфIэкIкIи адрейхэм къахэщу зэрыщытам зедгъэубгъункъым. Дауэрэ хъуами,Тютчевым университетыр зы илъэскIэ нэхъ пасэу къиухри, хамэ къэрал IуэхухэмкIэ министерствэм лэжьэн щыщIидзауэ щытащ, адэкIэ Мюнхен дипломат къалэн иIэу ягъакIуэри, илъэс 22-кIэ Баварием, иджырей Германием щыпсэуащ.

ЦIыху цIэрыIуэм ущытепсэлъыхьым деж, абы и гъащIэ гъуэгур мывэхукIэ пкIауэ, гугъуехьи хьэзаби имышэчу, щIыбагъ лъэрызехьэ зэриIэм занщIэу лъагапIэм дришеяуэ къыпфIощI. Тютчевыр апхуэдэхэм яхиубыдакъым. Илъэс тIощIым щIигъукIэ узэрымыса Хэкум уизэгъэжыну зэрымытыншым и гугъу умыщI, цIыху зэдекIуэкIыкIэри лэжьэкIэ хабзэхэри нэгъуэщIт, ар Урысейм къыщыкIуэжам. Дипломатым и тхыгъэхэм я зым къыхощыж абы и унагъуэр зэрипIыфын ахъшэ къилэжьу зэрыщымытари, езы IэнатIэр зэрыфIэмыгунэсри: «Зымахуэ аргуэру министерствэм псалъэмакъ щызиIащ, тхыгъэр гъэкIэщIын бэлыхьым и IуэхукIэ. Пэжщ, мыхьэнэшхуэ зимыIэщ, итIани, апхуэдэ дыдэу факъырэу сыщымытамэ, сыту гурыфIыгъуэшхуэ хэсхынут къызат улахуэр яхуэздзыжу, а делэ гупым сахэкIыным. Сыт хьэзаб, ди Тхьэ, мы щай зыбжанэм ухэмыкIыжын папщIэ, афIэкIа акъыл зыбгъэдэмылъхэм зебгъэущийрэ дагъуэ зыхуебгъэщIу уахэтыну!»

Тютчевым усыгъэр къэгъэнауэ, дипломатиеми, къэрал зэдекIуэкIыкIэми и зэчий хилъхьащ. Нобэ ар дызэсэжа Iуэхугъуэщ, ауэ щыхъукIэ, аращ япэу зигу къэкIар Урысейм и пщIэр Европэм щыхэхъуэн папщIэ, къэралым и телъхьэ публицистхэм уадэлажьэ зэрыхъунур. Езым и дипломат лэжьыгъэхэр Европэм къыщыдэкI журналхэм къытехуэу щытащ. Ар иджыри 1850 гъэм тепсэлъыхьащ нобэ Урысейр зыгъэтхьэусыхэ дин Iуэхум: «ЛIэщIыгъуэ зыбжанэ хъуауэ, Рим къалэм и жьауэм щIэт КъухьэпIэ Члисэр езыр къыщIагупсысам тетыжкъым, щIызэрагъэпэща щхьэусыгъуэм кIуэ пэтми бгъэдокIуэт. Ар куэд щIауэ щытыжкъым фIэщхъуныгъэ зыхэлъ, Хьисэ лъапIэм и жыIэм щIэт цIыхубэр гурэ псэкIэ зэкIуалIэ жылагъуэу. Политикэм и унафэм щIэт политикэ IуэхущIапIэ, къэралым и кIуэцIым итыж къэрал зэрыхъурэ куэд щIащ».

Тютчевым и къулыкъущIэ гупсысэхэр и усэхэми шэрыуэу къыщиIуатэрт. «Славянхэм я деж» зыфIища усэм абы къыщыхегъэщ Европэм славян лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр зэрижагъуэр: «Ухыгъэм зырыз дищIами, дэ дызылъэпкъщ, зы анэм дрибынщ. Ди зэкъуэшыныгъэрщ абыхэм ялъагъу мыхъур, Урысейр зэрывиIэр къыфхуагъэгъуркъым.

Ахэр зыгъэгузавэр славян лъэпкъышхуэм зэгуэр «Сэри сыщыIэщ» жиIэнкIи зэрыхъунурщ», - щетх усакIуэм зи цIэ къитIуа усэм икIи сыт щыгъуи къыхегъэщ Европэмрэ урыс къуэпс зиIэ лъэпкъхэмрэ зэи зэакъылэгъу зэрызэдэмыхъунур.

Философием, щIыуэпсым, лъагъуныгъэм, цIыху хьэлым ятеухуа усэхэри иIэщ Тютчевым. «Накъыгъэм и пэ къешх уэлбанэр», «Щымыгъэ», «Уэ сыпхуэзэри, псори къэщIэрэщIэжащ»... Куэд мэхъу мы усакIуэр тхылъ къэзыщтэ дэтхэнэ зыми игу къыщIэкIыжыпхъэ, щIиджыпхъэ щхьэусыгъуэхэр. Хабзэ зэрытхуэхъуауэ, дызытепсэлъыхь усакIуэм и сатыр зыбжанэ тхыгъэм и кIэм адыгэбзэм къидгъэзэгъащ. Ар «ЗэхыумыгъэкI, зумыкIыж» («Не рассуждай, не хлопочи») усэрщ:

Зыри зэхыумыгъэкI, зумыкIыж,
Хахуэр тогушхуэ, делэхэр мэубэ;
Махуэм и фэбжьыр жейкIэрэ гъэхъуж,
Пщэдеи зи чэзу къэсар тлъагъункъэ.
Псори шэчыф, мы гъащIэм ухэтыху:
ГуфIэгъуи, гухэщIыгъуи, пщIэн щумыщIи -
ПIэщIэкIaIa? УщIыхэплъэнур сыт?
Махуэр къызэднэкIащи, Тхьэм и фIыщIэщ.

Къэбэрдей тхыбзэр латин хьэрфхэм къызэрытекIыжар

Адыгэ алыфбейм теухуауэ ятхамрэ абы тратхыхьыжамрэ мащIэкIэ уеджэнкъым. Нобэр къыздэсым ар егъэфIэкIуа зэрыхъунум теухуа псалъэмакъхэр йокIуэкI. Иджыпсту зытет кириллицэм хуэкIуэху, ди алыфбейм бзэ зыбжанэм я хьэрфхэр къигъэщхьэпащ. А щытыкIэм зэрызихъуэжа щIыкIэрщ мы дызытепсэлъыхь дэфтэрым гъэщIэгъуэну хэтлъагъуэр.

АДЫГЭ алыфбейр латин хьэрфхэм къытрашу, славян хьэрфхэм зэрыхуагъэкIуам епха дэфтэр гъэщIэгъуэн къытIэрыхьащ. Абы гъуэгу щигъуэтар 1936 гъэм и накъыгъэрщ, зыхуэгъэзар ВКП (б)-м и Комитет Нэхъыщхьэрщ. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и обкомыр къэбэрдей тхыбзэр латиныбзэм къытрашу урыс алыфбейм трагъэхьэным зэрыщIэлъэIум теухуа» – аращ зи гугъу тщIы дэфтэрым и псалъащхьэр.

Iуэхум и пэр умыщIэмэ, и мыхьэнэри IупщI хъуркъым. Мы тхылъымпIэр утыку къыщрахьа накъыгъэм и 10-м и пэ къиухуэу, мэлыжьыхьым и 7-м ВКП (б)-м и къудамэу КъАССР-м щыIэм латин алыфбейм и дагъуэхэр къыщыщIигъэщ унафэ къищтакIэт. Дагъуэу къагъэлъагъуэр зэрыхъур 4 къудейт:

- хьэрфхэр къэзыгъэлъагъуэ дамыгъэхэр куэдыIуэ мэхъу: хьэрф зырызу 46-рэ, тIурытIу – 9-рэ;

- алыфбейр зэхэтхъуащ: хьэрф зырыз 46-м щыщу латин хьэрфхэм техуэр 15 къудейщ, урыс хьэрфи 3 хэтщ, латиныбзэм щыщу, ауэ нэгъуэщI мыхьэнэ яIэу 9 хэтщ, щIэуэ къагупсыса хьэрфхэр 10 мэхъу;

- хьэрфхэр зэрытхыгъуеймрэ иныкъуэхэр зэрызэщхьымрэ абыкIэ тха псори еджэгъуей ещI, псынщIэрытхэр къыпхуэгъэщхьэпэркъым;

- хьэрфхэр куэд зэрыхъум, езыхэри зэрызэмыщхьым линотип (зэрыбкIэ зэрытрадзэ Iэмэпсымэ) къэбгъэсэбэпыну Iэмал къуатыркъым;

А псом къыхэкIыу, ВКП (б)-м къилъытащ «латиныбзэм тещIыхьа адыгэ (къэбэрдей) алыфбейм къытекIыным тезыгъэгушхуэ и дагъуэхэр куэдыIуэ хъууэ. Псом хуэмыдэу ар зи щэнхабзэм зрагъэужь къэбэрдей лъэпкъым урысыбзэмрэ урыс щэнхабзэмрэ зригъэцIыхуну къытригъэхьэлъэрт, апхуэдэ дыдэу урыс цIыхубэми къэбэрдей адыгэбзэмрэ адыгэхэм я щэнхабзэмрэ яджыныр къаригъэхьэлIэртэкъым».

А унафэ дыдэм ВКП (б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомыр тригъэгушхуэрт хьэрф 32-рэ хъу урыс хьэрфхэм я къупхъэм тещIыхьа адыгэ (къэбэрдей) алыфбейм техьэну, къэбэрдей тхыбзэр абы тешэжа щыхъуну пIалъэхэри иубзыхурт.

Унафэр къащтэн и пэ, ВКП (б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретарь Къалмыкъ БетIал Мэзкуу щIэныгъэлI гуп игъакIуэри, СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием хыхьэ, Ленинград дэт, Марр и цIэр зезыхьэ Бзэмрэ гупсысэмкIэ институтым зэIущIэ зыбжанэ щрагъэкIуэкIауэ щытащ, къэбэрдей алыфбейм теухуауэ. А унафэр къащтэным и щхьэусыгъуэу къагъэлъагъуэхэм щыщщ еджэкIэ-тхэкIэ зыщIэхэр зэрымащIэр. Латин алыфбейр зэрыгугъум, ар бзэм и макъхэм зэрыпэжыжьэм и зэранкIэ, адыгэхэм тхэкIэ-еджэкIэ зрагъэщIэну Iэмал тынш ямыгъуэтауэ къигъэлъагъуэрт дэфтэрым.

«Къэбэрдей адыгэбзэм и латин алыфбейр апхуэдизкIэ зыхуей хуззакъыми, ар ирагъэфIэкIуэн папщIэ гъэ къэс щIэ гуэрхэр халъхьэурэ къекIуэкIащ, - дыкъыщоджэ дэфтэрым. – Апхуэдиз зэхъуэкIыныгъэм ар нэхъри нэхъ зэгъэщIэгъуей ищIри, цIыхухэр зэрымыарэзым къыхэкIыу, тхэкIэ-еджэкIэ езыгъащIэ IуэхущIапIэхэми я мурадыр къайхъулIакъым.

Абы къыхэкIыу, илъэсий фIэкIа мыхъу сабийхэмрэ илъэс 50-м щIигъуа балигъхэмрэ къэбгъанэмэ, цIыху балигъ 74432-м щыщу тхэкIэ-еджэкIэ зыщIэу къалъытар цIыху 35 341-рэщ, зымыщIэхэр – 19382-рэ, тIэкIу щыгъуазэхэр – цIыху 10709-рэ мэхъу. Ауэ щыхъукIэ, «грамотнэу» къалъытэ куэдым латин алыфбейр къахуэгъэщхьэпэркъым, ауэ кириллицэр яфIэтыншщ».

Ленинград щызэхуэса щIэныгъэлIхэм къэбэрдей алыфбейм теухуа унафэр къыщащтэм, урыс алыфбейм и дамыгъэ 32-м иджыри зы хагъэхьэжащ, «апострофкIэ» еджэу (хьэрфыщхьэм и къуапэ ижьым деж ягъэув «запятой», зэрыхуэдгъэфащэмкIэ, I-р къагъэлъэгъуэн папщIэ). Апхуэдэ щIыкIэу, хьэрф 27-р зэрыщыту къащтащ урысыбзэм ейм ещхьу, хьэрфхэу «л», «щ», «ы» хуэдэхэр макъым зэхъуэкIыныгъэ мащIэ зэригъуэтыр къыхагъэщу, къабыл ящIащ. Адыгэбзэм хэт макъ гугъухэр къагъэлъэгъуэн папщIэ, урысыбзэм и дамыгъэ щабэр (мягкий знак), дамыгъэ пхъашэр (твердый знак), апострофыр къащтащ. Нобэ хьэрф зэгуэткIэ дызэджэхэр щызэгуагъэувари абы щыгъуэщ. Апхуэдэ щIыкIэу ВКП (б)-м и обкомыр щIэлъэIуа IуэхумкIэ арэзыныгъэ къратащ, мазищ-плIым къриубыдэу къэбэрдей грамматикэмрэ пэжырытхэмрэ хьэзыр ящIын къалэныр и гъусэу.

Iуэхур щекIуэкIар 1936 гъэрщ. 1937 гъэм Ленинград ягъэкIуа щIэныгъэлIхэм яхэта Борыкъуей ТIутIэ ягъэкIуэдауэ щытащ, 1957 гъэм тралъхьа пцIыр трахыжащ. Къэбэрдей алыфбейр кириллицэм трагъэхьа нэужь, ТIутIэ тхылъ зыбжанэ къыдигъэкIат: «Школхэм папщIэ псалъалъэ», «Книга для чтения», «Къэбэрдей грамматикэм и IуэхукIэ». Къэбэрдей алыфбейр егъэфIэкIуэн Iуэхум адэкIи пащащ.

«Дыдейхэм папщIэ»

«Хэкум и зауэлIхэм я унагъуэхэм я комитет» жылагъуэ зэгухьэныгъэм, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и ЩIалэгъуалэ гвардием я Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэхэм, Аруан район администрацэм я дэIэпыкъуэгъуу, Нарткъалэ и паркым щрагъэкIуэкIащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэр дэIыгъыным хуэунэтIауэ «Дыдейхэм папщIэ» псапащIэ жармыкIэ.

«МЫПХУЭДЭ Iуэхухэр жылагъуэр зэкъуэзыгъэувэщ, къищынэмыщIауэ, абыхэм наIуэ къащI ди цIыхухэр хэкупсэ жыджэру зэрыщытыр, - жиIащ «Хэкум и зауэлIхэм я унагъуэхэм я комитет» зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Ореховэ Каринэ. - Дзэ Iуэху хэхам щыIэ щIалэхэр дэIыгъыныр, зэрыхъукIэ абыхэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуныр дэтхэнэми ди къалэнщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ахэр я гъащIэ емыблэжу ди къэралым и щхьэхуитыныгъэр, ди мамыр гъащIэр хъумэным щIобэн».

ПсапащIэ жармыкIэм хэтахэм папщIэ концерт къызэрагъэпэщащ Нарткъалэ дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм и артистхэмрэ республикэм и эстрадэ уэрэджыIакIуэхэмрэ. Сабийхэм я нэгу зрагъэужьащ таурыхъхэм хэт лIыхъужьхэм хуэдэу зызыхуэпа артистхэм, абыхэм я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ зэпеуэ, джэгукIэ зэхуэмыдэхэм, апхуэдэуи пщIэншэу хуагуэшащ IэфIыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр.

Зэхыхьэм хэтащ Аруан район администрацэм и унафэщI ЛIыжьыкъуэ Хьэзрит, «Урысей зэкъуэт» партым Аруан районым щиIэ къудамэм и гъэзэщIакIуэ секретарь Жэмыхъуэ Жаннетэ, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и ЩIалэгъуалэ гвардием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI Ерчэн Аслъэнбэч сымэ.

ХЬЭТУ Астемыр.

Хабзэжь хэкужь къуранэркъым

«Iэнэ утIысамэ, зэманыр къоувыIэ», жеIэ псалъэжьым. ИгъащIэ лъандэрэ адыгэм къыдекIуэкI хабзэ дахэхэм я хъыбарыфIхэмкIэ цIэрыIуэщ ди лъэпкъыр. ГуфIэгъуэр иригъэкIуэкIыну Iэнэм тхьэмадэу ягъэтIысыр пщIэшхуэ зыхуащI нэхъыжьт: благъэ е гъунэгъу. Iэнэр къызэIузыхри, псом япэ дыдэ шхыным хэIэбэри, бжьэ зыIэтри арат. Нэхъыжьым имыщIэу, абы къыхуимыдауэ, Iэнэм зыгуэр тIысынуи, тэджынуи, хъуэхъу жиIэнуи хуиттэкъым.

ТХЬЭМАДЭМ ижьырабгъукIэ хьэщIэхэм я нэхъыжьыр ягъэтIысырт, сэмэгумкIэ - хэгъэрейхэм ейр. Адрей къеблэгъахэр нэхъыжьыгъуэкIэ Iэнэм тIысынут. Я ныбжьым емылъытауэ, анэм, гуащэм я лъэныкъуэкIэ къикIа хьэщIэхэм, пщIэ кIэлъызэрахьэу, тIысыпIэ нэхъыфI дыдэхэр хуагъэфащэрт.

Адыгэм и закъуэ мыхъуу, зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж сыт хуэдэ лъэпкъми хьэщIэм хабзэ, нэмыс, гулъытэ кIэлъызэрахьэу къокIуэкI. Уи унэ къихьа хьэщIэм укъызэрыпекIуэкIар уи напэу аращ. Ар уи унэ икIыжмэ, цIыхум уазэрыхэIуэжынур а хъыбархэращ. Адыгэхэр Iэнэ тIысамэ, абдежым хабзэ дахэу яIэм я тетыгъуэт.

Тхьэмадэм и дэIэпыкъуэгъу нэхъыщхьэм зэреджэр «бгъуэщIэсщ». Ар ныбжькIэ тхьэмадэм нэхърэ нэхъ щIалэт. БгъуэщIэсым и жыIэр ягъэзащIэу ныбжькIэ щIалэщIэу «щхьэгъэрыт» зыбжанэ иIэт. Абыхэм фадэ, ерыскъы къыщIахьэ-щIахыжу арат. Щхьэгъэрытхэр щыхуейм деж щIэкI-щIыхьэжу щыттэкъым, ар къекIуртэкъым икIи апхуэдэ нэмысыншагъэ яIэщIэкIыныр напэтехт. Iэнэм Iусхэм пщIэ, нэмыс кIэлъызэрахьэу, зыхуейр хуагъэзащIэу ящхьэщытыну я къалэнт абыхэм.

Адыгэхэм ерыскъым пщIэ лей хуащIырт. Ар хыфIэбдзэным, уелъэпэуэным гуэныхьышхуэ пылъу къалъытэрт. Уи ныбэр изми, хэгъэрейм къыпхуиIэта ерыскъым зэ ухэIэбэн хуейт. Ар гъэсэныгъэ дахэм и нэщэнэт. Ерыскъым хуащIу щыта пщIэм и щыхьэту къыщIэкIынщ иджыри къыздэсым абыкIэ тхьэ Iуэныр адыгэхэм къазэрыхуэнар.

Хабзэ дахэу ди лъэпкъым къыдекIуэкIым щыщщ нэхъыжь Iыхьэу Iэнэм ях хьэщIэнышри. Мы хабзэжьым теухуауэ хъыбар зэхуэмыдэ куэд къокIуэкI, ауэ ахэр щIэныгъэм лъабжьэншэу къелъытэ. Ар цIыхум и зыужьыныгъэм къыдэкIуа хабзэщ, гупсысэщ. Къыщежьари япэу къахэзыхьари зыми жиIэфынукъым.

НобэкIэ ди Iэнэм нэхъыжь Iыхьэу ях щхьэ щIэлъэныкъуэмрэ блэгъуэмрэ. Нэхъыжьхэм щхьэ щIэлъэныкъуэм теухуа хъыбар дахэ къаIуэтэж, зэгуэр абы адыгэ зауэлI гуп къригъэлауэ...

Зэгуэр ХьэтIохъущокъуэр кърым хъаным деж кIуат, жи, шыгъажэ. Бысымым хьэщIэхэм я шыр зэрыфIыр ищIэрт, ятекIуэмэ, я мылъкури шыхэри я Iэрылъхьэу къэкIуэжынурати, зыгуэркIэ къагъэгубжьу, псалъэмакъ къаIэту, ахэр яукIыну мурад ящIащ. Арати, Iэнэ къыхуащтэн хуей щыхъум, ар къыхуаузэдащ ныкъуэшх защIэ фIэкIа темылъу. Псэууэ, Iэ лъэмыIэсауэ телъыр щхьэ щIэлъэныкъуэрат. Iуэхур зытетыр къызыгурыIуа нэхъыжьым а щхьэ щIэлъэныкъуэр къищтэри, тхьэкIумэр занщIэу тритхъри, щхьэгъэрытым иритащ, «уи тхьэкIумэр гъэжан, даIуэ» жыхуиIэу. Ар щакIуэбзэт. Iэбэри, пэнцIывыр пичащ, ар и ижьырабгъумкIэ щысым иритащ, «памэ, ерыскъым щхъухь хэлъынкIэ хъунущ, дагъэлIэну» къригъэкIыу. Нэкугъуэр зэрыс Iыхьэр пищIыкIри, и сэмэгумкIэ щысым иритащ, «уэ зыплъыхь, къэхъу псори зэгъэлъагъу», ириIуэкIыу. Езым щхьэкуцIыр зэрылъыр къызыхуигъэнащ, сэ хэкIыпIэ тхуэхъуным сегупсысынщ жыхуиIэу. Апхуэдэу, щIагъыбзэкIэ зэгурыIуа гупыр бэIутIэIуншэу бысым бзаджэм къаIэщIэкIауэ, шыгъажэми щытекIуауэ яIуэтэж.

ЕтIуанэ хъыбарым къызэрыхэщыжымкIэ, щхьэ къупщхьэр зэрыбыдэм къыхэкIыу, я къару ягъэунэхуну щхьэр зэпащIыкIыу щытауэ жаIэ. Ар къэзыщти, абы арэзы техъуи щыIэщ, ауэ мы хабзэм и пэжыпIэр къэщIэгъуейщ, езы хабзэжьыр зэман жыжьэм къызэрыхэIукIымкIэ. Языныкъуэ нэхъыжьыфIхэм зэрыжаIэмкIэ, щхьэ щIэлъэныкъуэр адыгэ хабзэм къыхыхьэн ипэIуэкIэ, блэгъур нэхъыжь Iыхьэ нэхъыщхьэу Iэнэм яхьу щытащ.

Ди нэхъыжьыфIхэр блэгъум иплъэурэ къэкIуэнур къащIэрт. Апхуэдэ зэчий зыбгъэдэлъхэр нобэми ди мащIэкъым, ауэ пасэм дэтхэнэ нэхъыжьми хуэзэфIэкIырт блэгъум иплъэу пэж дыдэ къиIуэтэн. Дунейм лъэпкъыу тетым блэгъум иплъэныр я хабзэжьу къадокIуэкI. Гималайми, Африкэми, Европэми, Азиеми, уеблэмэ Америкэм и индейхэми яIащ блэгъум иплъэн хабзэр. Апхуэдизу зэпэжыжьэу щыта лъэпкъхэм а хабзэр зэщхьу щхьэ яхэлъауэ пIэрэ?

Блэгъум зэриплъэм теухуауэ мыпхуэдэ хъыбарыжьи щыIэщ... Еуэри, уэтэр пщыIэм зылI тести, хьэщIэ гуп къыхуеблэгъащ. ХьэщIэхэм хьэщIагъэ ирахащ, ягъэшхащ, ирагъэфащ, ауэрэ нышми нэсащ. ХьэщIэм блэгъур и Iыхьэти, ишхщ, иупсыжщ, иплъэри, ди бысымым и унэм цIыхухъу пцIанэ исщ жиIащ. Бысымым губжьауэ зричщ, унэм нэсыжри, и щхьэгъусэр уэндэгъути, щIалэ цIыкIу къыхуалъхуауэ ирихьэлIэжащ...

Языныкъуэхэм зэрыжаIэмкIэ, ар ди лъэпкъым къыдекIуэкI и хабзэ дахэхэм ящыщ зыуэ аркъудейщ, абы иплъэм зыхуейр къриху, е хуигъэфащэкIэ Iэнэм щысхэм я нэгу зригъэужьу.

ФЫРЭ Анфисэ.

Боткиным и сымаджэ еIэзэкIэр

Мэкъуауэгъуэм и 15-м Медицинэм и лэжьакIуэхэм я махуэр ягъэлъэпIащ. Дахагъэри, губзыгъагъэри, гуапагъэри, гулъытэри, дэтхэнэ гурыщIэ куури цIыхум щигъэунэхур и Iэпкълъэпкъыр узыншэмэщ, абы къыхэкIыу, зи IэнатIэм напэ къабзэкIэ бгъэдэт дохутырхэм я пщIэр пIэткIэ, ар зэи егъэлеиныгъэ хъунукъым.

ДОХУТЫРЫФIЫМ псалъэ къудейкIэ узэригъэхъужыфым зыми шэч къытрихьэркъым. Ауэ абы нэхъри нэхъыфIыж щыIэу къыщIокI: къызэроIэзэм гу лъумытэу, уи узыншагъэр зэтезыгъэувэжыр. Апхуэдэ вагъуэ зырызхэм я щапхъэу урыс медицинэм и тхыдэм къыхолыдыкI зи цIэр нэхъыбэу «гъуэжь узым» епха Боткин Сергей (1832-1889). Императорым медицинэмрэ хирургиемкIэ и академием и профессору щыта дохутыр цIэрыIуэр терапевт, иужькIэ патологоанатом зэрыхъуам и хъыбарри гъэщIэгъуэнщ. Санкт-Петербург а зэманым дэта уней школыр къиуха нэужь, и адэм гугъэ зыхихыжа сабий емыджэфыр математикэм зэрыхуэIэзэр къыжриIащ егъэджакIуэм, арати, физикэмрэ есэпымрэ щадж факультетым щIэтIысхьэну тригъэпсат. АрщхьэкIэ Николай Езанэм унафэ ткIий къыдигъэкIауэ къыщIэкIащ къэрал гимназием щемыджахэр медицинэ факультетым фIэкIа щIэтIысхьэну хуимыту. Апхуэдэу цIыхубэм я насып кърихьэкIри, щIалэр езы ухыгъэм дохутыр IэщIагъэм хуиунэтIащ. Боткиным и цIыху гъэхъужыкIэ Iэмалхэм уи жьэр ущIауэ укъагъанэ. Фи нэгу къыщIэвгъэхьэт, уи тэмакъыр узу узэкIуэлIа дохутырым: «Сыт хуэдэ уэрамра ущызекIуэ хабзэр? Мис мыпхуэдэм къыщыкIухь дяпэкIэ, адрейм жьы щIыIэ къыщопщэри, аращ сымаджэ узыщIар», - къыбжиIэу. Хьэмэ: «Мыпхуэдэ фильмым уеплъа? Уемыплъу хъунукъым». Адрейхэм нэхъ къахощ и лъабжьэкIэ къэтхь хъыбарыр.

Зэгуэрым Боткиным хьэрычэтыщIэ бей гуэрым зыкъыхуигъэзащ, игъэхъужыну къелъэIуу. Сымаджэм и лъыр дэуеирейт (давленэ иIэт), фошыгъу уз къефыкIырт, езыри пшэрыщэт. Бгъэув уасэр уэстынщ, сыгъэхъуж закъуэ жызыIа лIым еIэзэну арэзы хъуащ Боткиныр, ауэ ткIийуэ иукъуэдиящ: узгъэхъужын ипэкIэ, лъапцIэу, щIакхъуэ гъур тIэкIу фIэкIа умыIыгъыу, ахъшэ къыздумыщтэу, Одессэ нэс лъэсу уокIуэ. Ар пхуэзэфIэкIмэ, дызэпсэлъэнщ.

Сыт ищIэнт лIым? Ахъшэ и куэдрэ пэт, узыншагъэ иIэжтэкъым. Арати, дохутырым зэриукъуэдиям хуэдэу, лъапцIэу ежьэри, мо ахъшэ иIыгъыну здыхуимытым, щIыхуэ къыщищтэ, гъуэгущхьэм щыIурих къыхуихуэу, километр минитIым нэс зэпиупщIри, Одессэ къыщыхуэзэну къэзыгъэгугъа Боткиным деж щIыхьащ.

«ИIэ иджы, къызэIэзэ», - зыхуигъэзащ дохутырым сымаджэм. «Уэ уузыншэ дыдэщ», - къыжриIащ Боткиным. Ерыскъы къызэрищэхун ахъшэмрэ зыгъэтыншынкIэ щригъэлей нэгузегъэужьыпIэхэмрэ зыпаубыда Iэпкълъэпкъыр и пIэ иувэжакIэт, масти хущхъуи хэмыту.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ.

● Зэпеуэхэр

Зэныбжьэгъугъэм и махуэшхуэ

Мэкъуауэгъуэм и 13-м щыщIэдзауэ 17 пщIондэ Сочэ къалэм и Лазаревскэ районым щекIуэкIащ «Лазурная волна - Сочи 2025» XI лъэпкъыбэ зэпеуэр. Ар къызэрагъэпэщащ Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр ди къэралым къызэрыщихьрэ илъэс 80 зэрырикъум теухуауэ.

ЗЭНЫБЖЬЭГЪУГЪЭМ и махуэшхуэр илъэс зыбжанэ хъуауэ къызэрагъэпэщ Дунейпсо Арткомитетым, Евразие Арткомитетым, Урысейм и Лъэпкъ Арткомитетым, «Союз нации и народов России», «Культурный фронт России» урысейпсо зэгухьэныгъэхэм.

Зэхыхьэ гуапэм зэхуишэсащ Урысейм, нэгъуэщI къэралхэм щыщ уэрэджыIакIуэхэр, макъамэ Iэмэпсымэхэм еуэхэр, къэфакIуэ гупхэр. Зэпеуэр хуэунэтIащ лъэпкъ хабзэр, щэнхабзэр, унагъуэм и лъапIэныгъэхэр хъумэным, зэрыхъукIэ, абыхэм нэхъыбэ щыгъэгъуэзэным.

Дунейпсо Арткомитетым и вице-президент, академик Бейтыгъуэн Iэуес зэпеуэр щиухым жиIам къыщыхигъэщащ иджырей щIэблэм дэлажьэурэ щIалэгъуалэ зэчиифIэм заужьыну Iэмал зэрыратыр. Ар зэпеуэм зыкъыщызыгъэлъэгъуахэмрэ абыхэм я художественнэ унафэщIхэмрэ ехъуэхъуащ мамырыгъэ, ехъулIэныгъэ, зыужьыныгъэ яIэну.

Зэхыхьэм хэтахэм Iэмал яIащ тенджыз ФIыцIэм и Iуфэм щекIуэкIа зэIущIэхэм, мастер-классхэм, зэныбжьэгъугъэм и пшыхьхэм щызэпсэлъэну, щызэчэнджэщыну, щызэрыцIыхуну. Къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщ уэрэджыIакIуэ щIалэхэм я зэфIэкIыр щызэфIэувэ, абы зыщрагъэужь, музыкэ щэнхабзэ зэмыщхьхэм пщIэ щыхуащI «Лазурная волна - Сочи 2025» зэпеуэр еджапIэ хуэдэу хъууэ жыпIэфынущ.

Зэхьэзэхуэм я зэфIэкI щеплъыжащ Урысейм, Арменм, Абхъазым, Куржым, Грецием, Белоруссием, Осетие Ипщэм, Азербайджаным щыпсэу лъэпкъ 37-м щыщхэр. Абы щытекIуахэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ ягъэлъэпIащ, щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ иратащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Си шыпхъумрэ цыжьбанэмрэ

Тэрч щIыналъэм хыхьэ Хьэмидей (ХьэпцIей) къуажэращ си сабиигъуэр щыкIуар. ЦIыхум и гъащIэм нэхъ IэфI дыдэу хэт а пIалъэм куэд уигу къинэжыркъэ, апхуэдэ зы хъыбарщ зи гугъу фхуэсщIынур. Си шыпхъу нэхъыщIэм и ныбжьыр илъэсипщIым итт. Абы дунейр фIэгъэщIэгъуэнт, фIэщIэщыгъуэти, щIэуэ зыгуэр къищIэн щхьэкIэ, сытми тегушхуэрт, мышынэу. Гъэмахуэр и хуабэгъуэ дахэу екIуэкIыу си шыпхъум цыжьбанэ къигъуэтащ. Ар езы Шэрий (Махъсидэ) Маринэ къызэриIуэтэжам хуэдэу фи пащхьэ ислъхьэмэ, си гуапэщ.

ГУАНЭ (Махъсидэ) Аидэ,
КъБКъУ-м и Социально-гуманитар институтым
Адыгэ филологиемкIэ и къудамэм и магистратурэм и 1-нэ курсым щеджэ.

* * *

ДИ сабиигъуэр щыкIуа ХьэпцIей къуажэр ди щIыналъэм и гъунэт, километрищэкIэ Налшык пэжыжьэт. Ауэ дэ къуажэм икурыкупсэм дист, еджапIэри, сабий гъэсапIэри, Пщычом я кхъэри, дохутырхэр зыщIэс амбулаторэри, къуажэ Советри, тыкуэнри, пощтри, хьэмри псори ди хъуреягъым щытт. А къомым ящыщу нэхъ гъунэгъу дыдэр кхъэрат, ди сабиигъуэр кхъэ джабэм дыкIэрысу, щыгъэ цIыкIухэр дыблэу тхьащ. Кхъэм къыщыкI тутей мэракIуэри балиейри нэхъ гурыхьт, удз гъэгъахэри нэхъ щIэращIэт. Тутей мэракIуэ ди пщIантIэми дэтт, ауэ ди ныбжьэгъу хъыджэбз цIыкIухэр ди гъусэу а кхъэм щытшхыр нэхъ IэфIт.

Си ныбжьэгъухэр адрей лъэныкъуэмкIэ щыпсэурт, ди зэхуакум кхъэр дэтт. Кхъэр сабийхэм я джэгупIэу щытыну къемызэгът, дауи, ауэ сытыт абы адрейхэм хащIыкIыр, ди дежкIэ ар жэнэтт, ди сабиигъуэм и IэфIыгъуэм щыщт.

Абы щыпсэурт ужьэ, дзыгъуэ цIыкIухэр, блэ, шындырхъуо, кIэпхъ, цыжьбанэ. Абыхэм щIэх-щIыхыурэ зыкъыдагъэлъагъурт, дагъэгуфIэрт. Зы махуэ гуэрым слъагъуу цыжьбанэр лъейуэ гъуэгум зэпрыжри, ди хадэмкIэ жащ. Апхуэдэ насып сэ зыIэщIэзгъэкIынт?! СыкIэлъыжэри, хадэбгъум къыщызубыдащ. Топ пщэхар хьэзыру сIыгъти, абыкIэ тыншу зыIэрызгъэхьащ. ГуфIэгъуэт цыжьбанэм дежкIи си дежкIи. (Ар мыгуфIэу зы шэч къытесхьэртэкъым). Унэм жэрыжэу щIызохьэ, щIэмыпхъуэжын щхьэкIэ бжэхэр къызогъэбыдэкI. Ди нанэ Тэужан щтащ цыжьбанэр щилъэгъум:

- Мыр щхьэ къэпхьа, мыбы и кIий макъыр зэхэфхмэ, дэгу сэгъро фыхъунущ, - жиIэри шхыдащ.

Нанэ шхыдэу зылъэгъуа куэд дунейм теттэкъым, ауэ цыжьбанэм щхьэкIэ къытщIэгубжьащ. Нанэ и губжьым емысахэм зыуи къиддзакъым, ауэ мами занщIэу жиIащ:

- ИуцIэпIыр бгъэкъэбзэжынущ.

Цыжьбанэр пэшым и кум изгъэтIысхьащи, сопль, согуфIэ, унэлъащIэ лъабжьэхэм зыщегъэпщкIу, къыщIызохыж, сыдоджэгу. Псом нэхъ си плъапIэ хъуар а цыжьбанэр кIийуэ дэгу сэгъро сызэрыхъунурат, апхуэдэ гъэщIэгъуэным дауэ зыхэзгъэкIыжынт?!

Шэ фалъэ цIыкIуи хуэдгъэуващ, шхэн имыжагъуэу къытщыхъури. ТIэкIуи хэIэбащ шэм. Цыжьбанэр загъэркъым: зэм гъуэлъыпIэщIагъым макIуэ, зэм стIол щIагъым. Езым щIэкIыжыпIэр къилъыхъуэ хъунт, сэ джэгу сигугъэурэ иужь ситу къэзжыхьурэ гъуэлъыжыгъуэри къэсащ, пIэр тщIыжри, си шыпхъум сэрэ дыгъуэлъыжащ. И нэхэр къигъэцIууэ гъуэлъыпIэ щIагъым щIэст «ди ныбжьэгъущIэр».

Нанэ ар зэрыдмыутIыпщыжам щхьэкIэ, бампIэри, нэгъуэщI унэ кIуэри нэмэз щищIри, гъуэлъыжащ. Цыжьбанэр зыщIэсым щыжеин идакъым.

Жэщыкум нэсауэ зэрыхьэзэриишхуэ щыIэу сыкъоуш. Си шыпхъум къежыхь, шэ ефа цыжьбанэр щхьэгъубжэщхьэм тесщ. Адрей лъэныкъуэмкIэ къыкIэрыт хьэм зыкърисауэ зилIэжу мэбанэ. Хьэр исыну шэнтиуэ хъарзыни щIэтт щхьэгъубжэ щIагъым.

Цыжьбанэр шынауэ адрей лъэныкъуэмкIэ мажэ, хьэм цыжьбанэр здэкIуэмкIэ зедз, щхьэуназэ хъуауэ щхьэгъубжэ абджыр я зэхуакуу зоныкъуэкъу, ирожэкърожэ тIури.

Хьэр цыжьбанэм къыхуэгузавэ хуэдэт: «ЗакъыIэщIэгъэкI мыбыхэм, мыр уэ псэупIэ пхуэхъунукъым, уи Iыхьлыхэр гузавэ хъунщ, кIуэж, уи унагъуэм ягу умыгъэныкъуэу!

Ди хьэ цIыкIур банэрейти, балигъхэм зыуи къррадзэхакъым, зыри къыщIэкIакъым. Дэ дыгужьейри, цыжьбанэр щIэдгъэкIыжащ. Нэху щащ. Нанэ къыщIыхьэри къыдэупщIащ:

- КIият цыжьбанэр? - жиIэри.

ЗэрымыкIияр тIэкIу и жагъуэ хъуауэ цыжьбанэм зэхиуфIея къомым еплъащ, мащIэуи къытщыгуфIыкIа хъунщ: «Фхуэфащэщ, иджы вгъэкъэбзэж», - жиIэу.

Абы шэр зэримышхыныгъуэр абдеж наIуэ щыхъуащ, зи ныбэм къигъэгузэвар щIыбым щIэкIыжыну ныкъуакъуэу арат щхьэгъубжащхьэми щIынэсар.

Зи щIыбым Iэгъэбэгурэ мыIэрысэрэ илъу тхылъхэм ярыт цыжьбанэм, шэ фалъэ цIыкIу зыбгъэдэтым, ауи ещхьтэкъым ди цыжьбанэм къыдищIа къомыр. Абы къиуцIэпIахэр махуэ псом схузэщIэкъуэжа къудейщ. Сыт сщIэнт, сэрат къэзызыхьар?!

Жылагъуэр щахъумэ

Наркоманиемрэ наркотикхэр щэнымрэ ебэныным и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу Мэлбахъуэ Тиморэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм «стIол хъурей» щекIуэкIащ. Ар къызэрагъэпэщащ КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэбграгъэхым кIэлъыплъынымкIэ и управленэмрэ библиотекэмрэ.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэм, Наркологие диспансерым, СПИД-мрэ узыфэ зэрыцIалэхэмрэ япэщIэтынымкIэ республикэ центрым, Налшык къалэм щыIэ УМВД-м балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ и къудамэм, Урысей ФСИН-м и Управленэу ди республикэм щыIэм епха уголовнэ-гъэзэщIакIуэ инспекцэм, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэ зэхуэмыдэхэм я лIыкIуэхэр.

КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэбграгъэхым кIэлъыплъынымкIэ и управленэм и къудамэм и унафэщI Давыдовэ Иринэ тепсэлъыхьащ а IуэхумкIэ республикэм щыIэ щытыкIэм.

- 2024 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм наркотикхэкIхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэмрэ зэрызэрагъэкIуэкIым теухуауэ Iуэхугъуэ 751-рэ наIуэ къыщащIащ, - жиIащ абы. - Республикэм наркощIэпхъаджагъэхэр къыщыщIэгъэщынымкIэ щекIуэкI Iуэхур процент 24,3-кIэ ефIэкIуащ. НаркотикхэкIхэр республикэм къызэрагъэс гъуэгуу 33-рэ зэхуащIащ, акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэ гуащIэ зэмылIэужьыгъуэу килограмм 57-м щIигъу къытрахащ. КъБР-м и МВД-м и унафэм щIэту ирагъэкIуэкIащ хабзэм къемызэгъыу наркотикхэр зэбгрыгъэкIыныммрэ ахэр гъэхьэзырынымкIэ Интернетым щызекIуэ хъыбархэр къыщIэгъэщыным теухуа Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэр. Къапщтэмэ, 2024 гъэм апхуэдэ сайту, интернет напэкIуэцIу 626-рэ сэтей къащIащ икIи хабзэм ипкъ иткIэ Зыуэ щыт реестрым хуагъэхьащ зэхуащIыну.

Давыдовэм и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, блэкIа илъэсым КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэбграгъэхым кIэлъыплъынымкIэ и управленэм нэгъуэщI хабзэхъумэ органхэмрэ республикэм и IуэхущIапIэ щхьэхуэхэмрэ я гъусэу жылагъуэр, псом хуэмыдэу балигъыпIэ имыува сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ, наркотикхэкIхэр зэхьэлIэным пэIэщIэ щIыным, акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэр хабзэншагъэкIэ игъэкIыным ахэр щыхашэ къэхъумэ, ар къыщIэгъэщыным, апхуэдэ Iуэху зезыхуэхэм уголовнэ жэуап зэрахьым щыгъэгъуэзэным теухуауэ зэIущIэ зэхуэмыдэу 250-рэ ирагъэкIуэкIащ. Абыхэм ящыщщ «Ди сабийхэм я узыншагъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ папщIэ», «ЩIэблэ узыншэ-2024», «Къэбэрдей-Балъкъэрыр наркотикыншэу», «Iущхьэ-2024», «Притон», «Уклонист» фIэщыгъэхэм щIэт урысейпсо, республикэ Iуэхухэр.

Iуэхум хуаIэ еплъыкIэхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ къагъэлъагъуэу зэIущIэм къыщыпсэлъащ «Дзэ зэкъуэшыгъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и исполкомым и унафэщI Абэнокъуэ Владимир, дохутыр-психиатр, нарколог Нагорная Татьянэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и деж щылажьэ ЩIалэгъуалэ советым и секретарь Шэрий Каринэ, блогер, жылагъуэ лэжьакIуэ, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэм и деж щыIэ, адэ-анэхэм я республикэ советым и унафэщI Мэзукъэбз Аслъэн, нэгъуэщIхэри.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

ЦIыхур псэущ, ар ящымыгъупщэжыху

СССР-м алыдж-урым бэнэкIэ спорт лIэужьыгъуэмкIэ и мастер, дзюдомкIэ УФ-м дунейпсо классымкIэ спортым и мастер Жэмгъураз Арсен и фэеплъ зэхьэзэхуэ Налшык къалэм дэт «Гладиатор» спорт комплексым щекIуэкIащ. Абы щызэпеуащ КъБР-м, Осетие Ищхъэрэ – Аланием, Шэшэным я бэнакIуи 120-м нэблагъэ, я ныбжькIэ илъэс 14-м щIимыгъуауэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР къызэрагъэпэщащ КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм, Шэрэдж щIыналъэ администрацэм и спорткомитетым, Жэмгъураз Арсен и Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ. Ар зэрекIуэкIам кIэлъыплъащ КъБР-м дзюдомкIэ и федерацэм и унафэщI Емкъуж Мухьэмэд, Олимп джэгухэм я призер, УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Тау Хьэсэнбий, УФ-м и чемпион Блий Iэюб, КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Хэжь Заур, УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Ныр Сеф и цIэр зезыхьэ спорт еджапIэм и унафэщI Тау Сэфарбий сымэ.

Я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм япэ увыпIэхэр къыщахьащ Сокъур Сэрмат (кг 27-рэ), Велякин Самир (кг 29-рэ), Джэдмышх Имран (кг 32-рэ), Хьэбил Идар (кг 35-рэ), БищIо Имран (кг 38-рэ), Жылэхьэж Алим (кг 41-рэ), Ажэгъуей Амир (кг 44-рэ), Хьэпэ Эмир (кг 48-рэ), Базоев Темырлан (кг 52-рэ), Къудащ Темырлан (кг 57-рэ), Щоджэн Айдар (кг 62-рэ), Къэзакъ Сулеймэн (кг 68-рэ), Жылэхьэж Темырлан (кг 75-рэ), Бахъуэ Азэмэт (кг 85-рэ) сымэ.

Зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIахэм медалхэр, кубокхэр, щIыхь тхылъхэр иратащ, абы нэмыщI, бэнакIуэ нэхъыфIу къалъытахэр саугъэт щхьэхуэхэмкIэ ягъэпажащ.

«Лъэпкъ Iущыгъэм щыщу мыпхуэдэ псалъэхэр щыIэщ: цIыхур псэущ, ар ящымыгъупщэжыху. Нобэрей махуэр абы и щыхьэтщ», - жиIащ КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Хэжь Заур.

АЛБЕРДЫКЪУЭ Iэмин.

ДыжьынитIрэ домбеякърэ

Урысей Федерацэм атлетикэ хьэлъэмкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ Южно-Сахалинск къалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ. Абы щызэпеуащ ди къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 53-м я спортсмен, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэгъусэу, 270-м щIигъу, я ныбжькIэ илъэс 15 - 23-рэ хъууэ.

МАХУИХКIЭ екIуэкIа зэхьэзэхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэм медалищ къыхахащ. Килограмм 49-рэ зи хьэлъагъхэм я деж етIуанэ увыпIэр къыщихьащ Андреевэ Полинэ. Скрипко Алани апхуэдэ ехъулIэныгъэ щызригъэгъуэтащ килограмм 76-рэ зи хьэлъагъ гупым я деж. Ширдий Ислъам домбеякъ медаль къыщихьащ килограмми 109-рэ зи хьэлъагъхэм я деж.

Ди спортсменхэр псори УФ-м спортымкIэ и мастерщ, я тренерхэр Шэкэм Михаилрэ Щауэ МуIэедрэщ.

ТОМЭКЪУЭ Iэдэм.

Гъавэ бэвым и шэсыпIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэхэм я нэхъыбэм мэкъумэш къэкIыгъэхэм псы щIэгъэлъэдэн щIадзащ, псом хуэмыдэу, тафэтес районхэм. ИпэIуэкIэ хъыбар зэрывэдгъэщIамкIэ, уэшх къыщешхым деж хуэдэу хьэсэхэр псыкIэ зыгъэнщI, щIыпIэшхуэхэр зэуэ къызэщIэзыубыдэ машинэу 430-м щIигъу республикэм иIэщ нобэ икIи ахэр псори я лэжьыгъэм хуэхьэзырщ.

ИДЖЫПСТУ псыр нэхъыбэу зыщIагъэлъадэр нартыху хьэсэхэрщ. Псалъэм къыдэкIуэу, абыхэм гектари 131,6-рэ ирагъэубыдащ мы гъэм. Хабзэ зэрыхъуауэ, нартыхур нэхъыбэу щащIэр Бахъсэн, Тэрч, Прохладнэ, Дзэлыкъуэ щIыналъэхэрщ икIи республикэм нартыху жылапхъэм щрагъэубыд щIым и процент 70-м щIигъу а плIым къалъос.

МэкъумэшыщIэхэм зэрыжаIэмкIэ, къэкIыгъэхэм псы ящIэгъэлъэдэным мыхьэнэшхуэ иIэщ: дунейм и щытыкIэм емылъытауэ, псыр ирикъуу зыгъуэт къэкIыгъэм гъавэ бэв къит хабзэщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Зызыгъэпсэху ныбжьыщIэхэм яхуозэ

«Зыгъэпсэхугъуэр Жылагъуэ советым щIыгъуу» урысейпсо Iуэхум ипкъ иткIэ, зэIущIэ щхьэпэхэр щрагъэкIуэкI Къэбэрдей-Балъкъэрым узыншагъэр щрагъэфIакIуэ и санаторэхэм.

УРЫСЕЙ МВД-м и управленэу Налшык къалэм щыIэм полицэм и къудамэ №1-м балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ и инспектор, полицэм и майор Арахъэ Дианэрэ УМВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым хэт Газаев Мысхьудрэ щыIащ «Антарес» санаторэм. Абы зыщагъэпсэху республикэм и районхэм щыщ сабий 70-м щIигъум.

НыбжьыщIэхэм яхуэкIуахэм абыхэм жраIащ узыхуэсакъыжыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Апхуэдэуи тепсэлъыхьащ ныбжьыщIэхэм я гъащIэмрэ узыншагъэмрэ щытегузэвыхь къэмыхъун папщIэ ящIапхъэхэм, псымрэ гъуэгумрэ зэрызыщаIыгъыпхъэм.

Зэпсэлъэныгъэм ныбжьыщIэхэр жыджэру хэтащ, яфIэгъэщIэгъуэнхэм теухуа упщIэхэр иратащ.

Газаев Мысхьуд зригъэщIащ зи щIалэгъуэхэр дэзыхьэххэр, екIуу икIи шынагъуэншэу я зыгъэпсэхугъуэр ягъэкIуэну зэригуапэр яжриIащ. Апхуэдэуи сабийхэр къыхуриджащ я гъэсакIуэхэм едэIуэну, щIэщхъу гуэр къэмыхъун папщIэ полицэм и лэжьакIуэхэм я чэнджэщхэм тетыну.

БАХЪСЭН Ланэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **НэщIэпыджэ Замирэ**, **Чэрим Мариан нэ**, **ЩхьэщэмыщI Изэ**.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтхэхэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.443
Заказыр №1360
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытькъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(2, 3-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(1, 4-нэ нап.)*.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ**, **Мэлбахъуэ Анжелэ**.
Сурэтхэм елэжьар **Къарей Элинэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.